



République du Burundi



Organisation
des Nations Unies
pour l'éducation,
la science et la culture

INYIGISHO Y'INTUMWA Z'AMAHORO

Umuhinga yayiteguye :

Umwigisha Yozefu Ndayisaba

Bujumbura, Gitugutu 2007

Izo nyigisho zahinduwe mu kirundi n'umushingantahe Kabura Gasupari

IBIRIMWO**Urupapuro**

Intangamarara	1
Abo izi nyigisho zerekeye : Intumwa z'amahoro.....	2
Ivyo gushikako.....	2
Ingene inyigisho zizotangwa.....	2
INYIGISHO YA I : AMATATI.....	6
Igice ca 1 : Amatati ni iki?	6
Igice ca 2 : Amatati y'abantu bafise ibigwanisho n'inkurikizi zayo.....	10
INYIGISHO YA II : UBHINGA BWO GUKINGA NO GUTATURA AMATATI	18
Igice ca 1 : Gutatura amatati bidaciye mu migere.....	18
Igice ca 2 : Ibiganiro	20
Igice ca 3 : Ubuhinga bwo hambere bwo gukinga no gutatura amatati	22
INYIGISHO YA III : AMATEKA N'IMICO MYIZA VY'ABANTU.....	25
Igice ca 1 : Itangazo Mpuzamakungu ryerekeye agateka ka zina muntu	25
Igice ca 2 : Amateka agenga abakenyezi	28
Igice ca 3 : Amateka agenga abana	30
Igice ca 4 : Imico myiza y'abantu	34
INYIGISHO YA IV : UKURWANYA IKIZA CA SIDA	38
Igice ca 1 : Ibituma umuntu yandura umugera wa Sida.....	38
Igice ca 2 : Kwikingira no gukingira abandi	40
GUSOZERA INYIGISHO :.....	43
IBITABU VYAKORESHEJWE MU GUTEGURA IZI NYIGISHO:.....	45
IMPAPURO ZIHEREKEZA INYIGISHO :.....	47

Intangamarara

Kuva Uburundi bwikukiye, bwagiye buraca mu magume yaranzwe n'indiyane zitagira izina zahitanye ibihumbi n'ibihumbi vy'abantu bazira ubusa, zongera zirasambura ibintu vyinshi. Amagume y'agahomerabunwa Abarundi bama bibuka ni ayabaye mu 1965, 1972, 1988 na 1993. Abatari bake bibaza ko ari indiyane z'amoko, indiyane hagati y'abahutu n'abatutsi... Umwe wese muri twebwe aramaze kwibaza iki kibazo : Ni kuki abantu barwana gushika aho basasika inganda z'abantu ataco bazira bakongera bagasambura amavuriro twivurizamwo n'amasomero yigamwo abana bacu ?

Imvo zituma haba ububisha n'ugusambura ivyakozwe biba kw'isi na cane cane mu Burundi, zitumwa n'ukutamenya, ukurenga n'uguhonyanga amabwirizwa n'amasezerano agenga ukubana kwacu. Kugira ngo abantu bashikire ivyo barondera, amatungo canke ubutegetsi (ibibanza vya politike) bagerageza kuzimanganya abo bafata ko ari intambanyi, ni ukuvuga abansi. Izindi ndiyane z'ububisha zitumwa n'akarenganyo gakomeye abantu bataba bagishobora kwihanganira. Ni co gituma baca bagumuka bakagirira ububisha abo bibaza ko ari bo bagatuma, baba ari bo biyumvirwa ko ari bo koko canke abafashwe uko.

Aka gatabu kagenewe kwigisha intumwa z'amahoro ni intererano mu gikorwa co guhimiriza Abarundi ku neza yo kubana mu mahoro, gutatura amatati atabura ahari abantu bidaciye mu gikenye kuko na kare ngo « Nta zibana zidakubitana amahembe ». Ni intererano kandi yo gusanura ivyononywe kubera ayo magume, na cane cane mu kwakira runtu benewacu bahunguka canke bagaruka mu vyabo bahungiye hagati mu gihugu hamwe no gusanura ivyo twasambuye.

Ariko, dutegerezwa kwamiza ku muzirikanyi ko ibihagaritse umutima Abarundi atari ayo magume y'ububisha gusa twavuze aho hejuru. Hariho n'ibindi biza bihambaye nka Sida imaze guhitana ibihumbi n'ibihumbi, igasiga impfuvyi zirenga ibihumbi amajana atandatu. Iyi nteguro yibutsa intumwa z'amahoro ko Sida ari ikintu kiraje ishinga umwanya wose, gitegerezwa kuba mu bibazo vyerekeye ibikorwa vyo guhimirizamwo ababana n'izo ntumwa.

Abo izi nyigisho zerekeye : Intumwa z'amahoro

Ibisabwa intumwa z'amahoro :

- Kuba barahejeje n'imiburiburi umwaka w'icumi w'amashuri yisumbuye ;
- Kuba abizigirwa mu kibano ;
- Kuba berevutse mu kuganira.

Ivyo intumwa z'amahoro zizorangura zihejeje inyigisho :

- Guhimiriza abahunguka n'abasangwa kubana mu mahoro, ni ukuvuga kwirinda gukoresha impaka hadutse amatati y'amatongo canke ay'ayandi matungo ;
- Gusura no gufasha gutatura amatati yadutse mu kibano ;
- Bikenewe, kurungikira abashingantahe canke inzego zijewe gutatura amatati abogira ico bapfa;
- Gukurikirana imigwi y'abakinyi begwa n'ibizova muri uyo mugambi;
- Gukurikirana urwaruka ruzoja mw'isabukuru ndangamico rihuza intara, na cane cane ayajanye n'amateka y'ikiremwamuntu, gutatura amatati bidaciye ku gikenye, gukinga ikiza Sida n'ibindi.

Ivyo inyigisho zoshikako

Intumwa z'amahoro zaronse inyigisho zizoba zifise ubuhinga bwo :

- Kwigisha abandi cane cane urwaruka bazoba bajewe gukurikirana ;
- Gukinga amatati mu kugira inyifato izoba ijanye n'inyifato ibereye ;
- Kuba umuhuza mu kibano;
- Kuba kirumara mu gutatura amatati bidaciye mu migere mu kibano.

Ingene inyigisho zizotangwa

1. Urukurikirane rw'ivyigwa

Iyi ntenguro igizwe n'inyigisho 4 n'ibice 11: amatati (ibice 2), amatati y'abantu bafise ibigwanisho n'ingaruka zayo (ibice 3), amateka y'ikiremhamuntu n'imico runtu myiza (ibice 4) hamwe no kurwanya Sida (ibice 2). Mu ncamake, igice cose gishobora kwigishwa mu minota 50, ivyo bigasigura ko inyigisho y'iyi ntenguro yomara imisi 3, igihe inyigisho zitangwa gusa imbere y'umutaga. Igice cose cigishwa mu biringo 3 :

A. Intangamarara (imbarutso) : iminota 15

Umwigisha arategura abigishwa kwakira no gutegera ivyo aja kubigisha. Abicisha mu kiyago c'umwanya muto, mu kagani ayagira abigishwa, mu kwibutsa ivyabaye yumvise canke yasomye mu binyamakuru, imvugo ncamigani, kumenyesha ivyo yakoze, uturorero tw'amatati y'ukuri canke yiyumviriwe

Ibitegekanijwe muri iyi ntenguro ni uturorero gusa, umwigisha arashobora gukoresha ibindi yihweje aho ari n'ibivugwa.

B. Inyigisho bwite : iminota 25

Inyuma y'Intangamarara (imbarutso), umwigisha arasaba kandi agafasha abigishwa guhanahana ivyiyumviro. Ntabatamika ivyiwe, yamara yitwararika gusa kubakebura aho bihenze mu vyo bavuga, ibisanzwe bivugwa bitagira ishingiro abantu bafashe uko, ibihuha, ibisanzwe biri uko ariko atari vyo. Yokwirinda gutanga inyigisho nk'izitangwa n'abahinga mu mashure. Abigishwa bategerezwa gutora insobanuro bo nyene kandi bagashikiriza ivyiyumviro bikuru bikuru bafatiye ku vyo basanzwe bazi n'ivyo basabikanije, nko kugira ico bavuze ku nyifato. Nko ku biraba inyigisho yerekeye amateka y'ikiremhamuntu canke iy'amatati, ivyiyumviro bahanahana bitegerezwa gufatira ku vyo bazi canke bumvise.

C. Gusozera : iminota 10

Umwigisha abonye ko abigishwa bahanahanye ivyiyumviro mu mwanya ukwiye, aca abihagarika akabasaba gushikiriza ingeso mbi, inyifato itabereye yo kwirinda canke kurwanya, eka mbere n'inyifato nziza zo guhimiriza no kwigana, bakuye mu kiganiro. Ivyashikirijwe muri iyi nteguro ni ifatiro gusa. Umwigisha ni we ategerezwa kwisunga ivyo yabonye vyabaye aho ariko aratangira inyigisho.

2. Ivyo gukoresha mu gutanga inyigisho

<i>Inyigisho</i>	<i>Ibikoresho</i>
<i>Amatati</i>	Gukoresha inzandiko zo mu nteguro, kuringaniza udukino (kwubahiriza amategeko ngenderwako), imyimenyerezo ku bihuha n'ibisanzwe bivugwa bitagira ishingiro abantu bafashe uko, amasanamu yerekana abashingantahe bariko baruzuriza abatase,...
<i>Inkurikizi z'intambara z'abantu bafise ibigwanisho</i>	Kugendera ibirere birimwo abahungutse n'abateshejwe izabo, gukoresha amasanamu y'ivyo birere canke imihana n'amashure yasambuwe, amasanamu y'abana bakoreshwa mu ntambara bitwaje inkoho.
<i>Amateka y'ikiremwamuntu n'ivyo umuntu ategerezwa gukora</i>	Ibitabu vy'ikirundi vyerekeye Itangazo Mpuzamakungu ryerekeye agateka ka zina muntu, Amasezerano mpuzamakungu yerekeye agateka k'umwana, Amasezerano yerekeye kurwanya uburyo bwose bwo gukumira umukenyezi, amasanamu y'abantu basinzikarijwe ubuzima .
<i>Kurwanya Sida</i>	Ivyandiko bitobito biri ku bibaho biriko ingene barwanya Sida bikwiragiye mu bibanza abantu benshi bacamwo, amasanamu y'abarwayi ba Sida barembye cane, udukingirizo.

3. Ivyo umwigisha yitwararika

- Inyigisho zitegerezwa gutuma abigishwa bagumana ubukerebutsi. Afatira ku vyo abigishwa babona kandi bazi bifatiye ku bintu bigaragara abigishwa bashobora kubona canke bibashikira koko aho baba canke mu buzima bwabo bwa misi yose.
- Integuro irashikiriza uburorero bumwe bumwe bushobora gukoreshwa mu gutangura ibice. Ariko umwigisha ategerezwa kwisunga ibibera mu kibano c'abigishwa bakabifatirako mu kwerekana ibishika aho baba.
- Kwihweza neza inyifato nziza canke mbi z'abigishwa akazifatirako mu kwigisha: ivyo baharira bari mu mwanya wo kumira amate, imigenderanire hagati y'abahungu n'abakobwa, inyifato zifatiye ku bisanzwe bivugwa bitagira ishingiro abantu bafashe uko canke ibihuha bumvise, n'ibindi.
- Gutega amatwi abigishwa, kubahimiriza kuvuga ivyabashikiye mu buzima. Amatati canke uguhonyanga amateka y'abantu biboneye ku mitumba i wabo birashobora gufasha mu mwigisho wo kwiga iki na kiriya. (raba ingendo yashikirijwe aho hejuru).
- Inyigisho yose irashobora gushikirizwa ukwayo, ifatiye ku bigishwa n'ibiriko biraba. Urutonde rw'inyigisho rurashobora rero guhindurwa. Aho ibice bitegerezwa gushikirizwa rimwe, hariho urwandiko ruvuyerekana mu nteguro.
- Inyigisho zishikirijwe muri iyi nteguro ni zo zizokurikizwa mu kwigisha intumwa z'amahoro. Ariko na zo nyene zirashobora gukoresha ingendo n'ibiri muri iyo nteguro mu kwigisha urwaruka canke iyindi migwi bazoba bahamagariwe gufasha.

INYIGISHO YA I : AMATATI

IGICE CA 1: AMATATI NI IKI?

Intangamarara (imbarutso)

1. Uwari yarahunze haciye imyaka 25 atahutse ava mu gihugu co muri Afrika afise abana 6. Muri iyo myaka, umuvukanyi wiwe yasigaranye urugo n'itongo rinini yarabigurishije aca aja kuba i Bujumbura, haciye igihe kinini. Uwahaguze yaciye ashinga ruraguma kandi ahafise itongo ryiza ry'ibigazi bimuha amahera menshi. Uwahungutse ntiyihanganiye uwaguze iryo tongo aca ahera abambuzi baja kumunyonyeza, inzu barasambagura kandi bamuhigira kumwica hamwe hohera imisi itatu atarakura meza. Kubera ko uwaguze itongo atari asangiye ubwoko n'uwahungutse, ayo matati yahavuye afata intumbero y'inkwezi y'akarongo. Umwe yagura itongo yahavuye yicwa, agatumba karasha, abahutu n'abatutsi basimbiranirako, haduka ububisha bwahitanye abantu 20.

2. Mwatunganiye urukino rw'umupira w'amaguru ruhuza urwaruka raturuka ku mitumba 2 yegeranye. Haheze akanya, umwe mu bankinyi b'umugwi kanaka yinjiza igitsindo n'ukuboko kandi umuhagarikizi w'urukino ntiyabona ivyabaye. Abakinyi binjijwe bidaciye mu mategeko baca baravyanka, bahiga kudasubira gukina mbere baca bava mu kibuga. Mutegerezwa gutatura ayo matati. Muzobigenza gute ?

Inyigisho bwite

- Gufatira kuri izo nkuru zibiri kugira ngo muzindure ico ari co amatati :
« Ahari abantu hama urunturuntu ».

- Nk'uko bigenda ku bantu bose, n'abavukana barashobora gutata bivuye ku nyungu canke ivyipfuzo bitandukanye barondera. Kenshi na kenshi izo nyungu ziba zitandukanye. Ni nk'ivyo vy'uwo yahungutse n'uwo yaguze itongo ryiwe.
- Birumvikana ko uwahungutse arondera gusubira mu vyawe, ariko kandi birumvikana ko uwaguze iryo tongo na we nyene arondera kurigumana kuko yariguze amahera yiwe biciye mu mategeko. Iryo tongo ryabaye intandaro y'amatati hagati y'abo bantu babiri.
- Uwahungutse yarahundutswe akoresha igikenye, kuko ayo amatati arashobora gutorerwa umuti ku neza y'abo bantu babiri.
- Mu rukino rw'umupira w'amaguru, intsinzi ni ikintu gihambaye mu buzima bw'umukinyi n'aho aba. Iyo ntsinzi irahesha icubahiro umugwi watsinze. Ni co gituma gutsindwa biciye mu busuma bibabaza cane.

Ntibikenewe kurondera kurandurana n'imizi amatati kuko asanzwe ari mu migenderanire isanzwe y'abantu (Ahari abantu hama urunturuntu). Amatati yubutse, ni ukuyahanga ukayatatura. Ariko rero, ico nticoba urwitwazo rw'uko umuntu yama asomporotsa amatati kuko ashobora gutuma ibintu vyunyuka kandi akatugirira nabi, na cane cane mu kutugwiriza abansi no mu kuzimanganya imigenderanire yacu.

Inkomoko n'ubwoko bw'amatati

1. Umuntu wese arakeneye gushikira ivyo yipfuzza

- **Ibintu ngenderwako umuntu yipfuzza** : kugumana amagara meza, kugira uburaro, kuronka imfungurwa. Birumvikana ko uwahungutse n'uwasuze itongo ryiwe bitoborohera kuronka uburaro n'imfungurwa vy'imiryango yabo batagira aho baba.

- **Kurondoka** : Birashoboka ko abantu bama mu matati kugira ngo umugabo canke umugore aronke uwo bavyarana. Imigirwa imwe imwe nk'inkwano canke ubugeni irashobora gutuma hataba umwumvikano mu basabanye abageni. Gurtyo, abantu baragerageza kwirinda ivyo bakwegera mu matati.

Kuronka ibintu ngenderwako umuntu yipfuzza no kurondoka birakenewe rwose mu buzima bw'abantu.

- **Ibintu bidakorakorwa** bikenewe mu buzima bw'abantu : amateka, indangamuntu, umutekano, kuba mu migwi (y'amashengero, y'imigambwe, n'iyindi), kugira igihagararo. Birashobora gushika ko abantu bapfuye ikintu gito nk'akarimbi baburana gushika mu nzego kaminuza z'ubutungane kubera gusa ko kudatsinda urubanza vyitwa « gutsindwa » n'uwundi... Umwigisha ategerezwa kwibutsa abigishwa ko ivyiyumviro n'ukwemera bitandukanye bishobora kuvyara amatati ahambaye.

Uturorero : Ingwano ya Runyota yateranije abakristu b'abakatolika n'abaporoti yabaye mu Bufransa mu kinjana ca 17, iyateranije aba-islamu n'abakatolika mu bihe vy'imbere y'uguharura ibinjana, « ingwano y'agahorerane » n'izindi ngwano nyinshi zabaye mu bihugu bitaratera imbere ziturutse ku kutumvikana hagati y'ibihugu bishira imbere gushikira ubutunzi ku buryo ubwo ari bwo bwose n'ibishira imbere ko ubutunzi bubonetse buba rusangi, imishamirano y'imigambwe mu Burundi, n'ibindi.

Tegere neza : Muri ayo matati ashingiye ku vyiyumviro hashobora kuba hihishijemwo intumbero y'ukurondera inyungu z'ibintu !

- Dutata n'abantu canke imigwi y'abantu twibaza ko ari bo ntambamyi y'ugushikira ivyo twipfuzza. Amatati rero ni inkurikizi yo kurushanywa mu gushikira ivyo twipfuzza. Intambamyi yose yotuma umuntu adashikira ivyo yipfuzza ituma haba umubabaro n'amatati canke kimwe muri ivyo.

- Inyifato isanzwe umuntu agira imbere y'iyoy ntambamyi ni ukuyitarira, **ukayigizayo canke ukayikuraho**, ari naho hava kenshi na kenshi inyifato yo gusomborotsa no kurwanya bimwe bikomeye iyo ntambamyi.
- Amatati hagati y'abantu babiri canke umugwi w'abantu ashobora kuba ataraja ahabona canke yeruye. Ivyo bisigura yuko amatati yose atibonekeza ku mugaragaro. Iyo badusotoye canke baturenganije, duca tuvuyiyamiriza ubwo nyene haba mu mvugo, mu bitutsi, mu gukubitana amakofe canke ingumu, n'ibindi. Birashika n'uko tubirimirako maze tugaca dutegura imigambi y'ukwihora twaratevye.

2. Amatati ari kune ari gutanu

Umuntu arashobora kuba ikirimbiro ry'amatati muri we nyene nk'akarorero iyo yipfuzaga gukora ibintu bibiri bitandukanye kandi ategerezwa guhitamwo kimwe. Akandi karorero ni nk'ugufata ingingo y'ukwahukana, irashobora gutera amatati muri nyene kuyifata : Nahukanye noronka amahoro ... ariko abana nzobagira gute ? Canke naho uyo wundi mugore nozana yoba mubi kurusha uwa mbere ! Guhitamwo iki canke kiriya biratera amadidane akomeye. None hokorwa iki ? Rimwe na rimwe, umuntu agerageza kubivamwo mu gusaba impanuro abagenzi naho ico babivugako kitama ari ngombwa ngo kidushimishe !

Amatati hagati mu bantu ni yo kumbure akunda kwibonekeza. Ni ibisanzwe ko abantu babana bagira ivyo baharanira bitandukanye bituma haba amatati. Umwe wese agomba gushika ku co yipfuzaga uwundi ntavyemere kuko atabasha gushika ku cipfuzo ciwe, gurtyo amatati akaba yadutse.

Amatati hagati y'imigwi arasa n'amatati yo hagati y'abantu. Kukaba nkako, abasangiye umugwi barashobora gusangira ivyo bipfuzaga bitandukanye n'ivy'iyindi migwi. Twofatira ku karorero kari hafi yacu k'amatati hagati y'abahutu n'abatutsi. Hariyeze n'ukuba kandi mu gihugu cacu amatati afatiye ku ntara. Ayo amatati ni mabi cane. Afashwe minenerwe arashobora gutuma haba indyane zikomeye rwose. Ni vyo vyashitse mu Burundi.

Kimwe mu biranga amatati gituma haba inkurikizi mbi iyo kidatorewe umuti ningoga ni urukwegakwegane rwayo. Ushobora kwibaza ko nakuravye nabi ugaca untuka ; nanje nkagutuka gusumba ; ugaca unkubita ikofe nanje ; tukagwana. Mwenewanyu aciye aza kugutabara nanje uwiwanje akaza kuntabara. Umwe asohoye imbugita, ng'uyo umuntu arapfuye. Imiryango iciye ivyisukamwo. Ngaho imitumba itayemwo, amoko ni uko. Igihugu cose kirashobora gusha bivuye ku mwikoko ko nakuravye nabi !

Inkurikizi mbi z'amatati

- Ishavu rishobora kuvamwo ibikorwa bikorwa gihuruduka kandi n'inguvu ngo umuntu yitezure.
- Kurimirako umubabaro bituma haba **urwanko n'inzigo**.
- **Abatwarwa n'urwanko n'inzigo bariyongera** bikibonekerezwa mu bisanzwe bivugwa bitagira ishingiro abantu bafashe uko. Umwansi w'umugenzi wanje ni umwansi wanje.
- **Inkurikizi : Amatati arakomera kuruta**, imishamirano mu batata ikaba nanzi, imigenderanire igasambuka.

Tegere neza : Izo nkurikizi zose zigaragarira mu amatati afatiye ku moko avamwo rimwe na rimwe indyane ntangere mu gihugu cacu.

Tegere neza : Umwigisha aboneraho kwerekana ko amatati atatuwe neza ashobora kuvamwo ibintu vyiza. Koko, amatati arashobora kuduha akaryo ko gutuma imigenderanire iba myiza kuruta. Uwuhana uwo akunda ntamara ibinonko. Arashobora kudufasha kandi gutomora neza ibintu. Twovuga ko **amatati atuma kutarengera akarimbi abandi mu migenderanire**. Umugenzi akuguranye amahera ntuyamusubize mu kiringo mwavuganye, arashobora kugushavurira cane. Hanyuma, uzohagabira, ntuzosubira kumwaka ingurane y'amafaranga. Amatati arashobora rero gufasha mu kunagura imigenderanire yacu kandi ikarama.

IGICE CA 2 : INGWANO N'INKURIKIZI ZAYO

A) Amabi ajanye n'ingwano

Intangamarara (imbarutso)

1. Shira mu migwi abigishwa ubasabe kwiyumvira inkomoko z'indwano z'amoko mu Burundi.
 - Ukwikunda : kwiharerako, ku twiyumvira abandi, kwikwegerako amabanga yose ahambaye, amafaranga n'ubundi buryo bwa Leta.
 - Akarenganyo : ikumirwa rishira imbere nkunzi mw'igabanganywa ry'uburusho butangwa na Leta : ibibanza vyiza, amatongo, amasoko yo kurangura imirimo ya Leta, ...
 - Ishari : ukwipfuzwa kwica umubanyi ngo umutware ivyiwe.
 - Inzigo, ugushaka kwihora biterwa n'ukudahana ivyaha vyabaye, gutuma hataba umwuka mwiza wo kurekuriranira.
 - Kwanka kwumviriza n'ugutegera abandi, ugashiburira kure ivyo basaba vyose
 - Icipfuzo co gushikira ubutegetsu ni isoko ry'amajambo y'amacakubiri

2. Heza ubaze abigishwa inkurikizi z'izo ntambara.

Tangurira ku ntambara zatumye haseseka amaraso zabaye mu gihugu cacu mu 1972, 1988, 1993 n'intambara yabaye hagati y'imyaka ya 1994 na 2003. Ivyago vyatewe n'izo ntambara ni ibihe ?

Abantu benshi baratikiye, cane cane intungane zapfiriye ubusa, abantu basanzwe bo ku mitumba bagandaguwe bazira ubwoko bwabo canke bicuzwe ko bakorana n'umwansi (imigwi y'abitwaje ibirwanisho canke abasirikare ba Leta). Ivyahatikiye ni vyinshi.

Akarorero k'intambara yo 1993 :

Abapfuye bababa 100 000

Impunzi zababa 600 000

Abateshejwe izabo mu gihugu hagati bababa 800 000

Inzu zasambuwe rwose canke ibicebice zababa 50 000

Amashure yasambuwe rwose canke ibicebice yababa 450

Amavuriro n'ibitaro : ibitaro vy'i Mutaho mu ntara ya Gitega vyararambitswe hasi vyose, amavuriro yababa 42 arasamburwa yose canke ibicebice.

Igihugu carasubiye inyuma mu vy'ubutunzi, abenegihugu barakena kurusha, igitigiri c'abana bo mu mashure matomato caragabanutse kuva ku vy'ijana 72 gushika ku vy'ijana 45 hagati y'imyaka ya 1993 na 1998, inzigo y'inzikira n'agatima k'ihorihori vyarakomeye.

Mu ncamake, nta kintu kibi cane coza kiruta intambara mu gihugu.

Inyigisho bwite

Fatira ku nyishu abigishwa batanze uce ubereka ingingo nyamukuru zikurikira :

1. Amatati yamahoro ahari abantu kubera ko ivyo twipfuzaga gushikako atari bimwe canke bitandukanye (raba insiguro y'amatati yatanze)
2. Ukwikwegerako, inzigo, ihorihori n'ibindi twavuze ko ari isoko y'intambara, ni inyifato zisanze mu bantu.
3. Igituma umubabaro uroresha ku matati ni ukutaganira, ukutumviriza n'ukudategera uwundi.
4. Amatati hagati y'abantu babiri canke imiryango ibiri arashobora kwunyuka akadukamwo amatati akomeye, eka mbere akavamwo n'intambara hagati y'abantu basanzwe bo mu gihugu kinaka canke ingwano hagati y'ibihugu.
5. Mu Burundi, amatati yiswe ayo « amoko » yabayeho hagati y'abahutu n'abatutsi yarunye kandi atuma haba ubwicanyi bivuye ku **gufatira mu kivungo abantu**. (raba umwikeko n'ibisanze bivugwa bitagira ishingiro abantu bafashe uko twamaze gushikiriza).

6. Ingingo zishoboka zitegerezwa gufatwa kugira ngo ntihabe intambara. Ibabaza bose, abayisomborotsa n'abo yerekeye, cane cane abo ataco bapfa bapfana n'ico iba itumbereye.

Gusozera

Ko uri intumwa y'amahoro :

- Fasha aho mu kibano udome urutoke ku matati y'ukuri canke ashobora kuba wongere ufashe kuyatorera umuti imbere yuko yunyuka akavamwo ububisha.
- Igihe cose uronse akaryo, bwira urwaruka kandi urwereke amabi aturuka ku bisanzwe bivugwa bitagira ishingiro abantu bafashe uko, ukwikeka n'ibihaha.
- Urarikanura, ugerageze kubona muri bo inyifato zoshobora kuba inyanduruko y'amatati yobateranya n'abagenzi babo uce uyabereka.
- Utegerezwa kuba intambanyi y'abosomborotsa intambara mu mvugo no mu ngiro.

Uragaba kandi ugabishe n'abandi ku vyerekeye umwikeko n'inyifato zifatwa nk'ibisanzwe bivugwa bitagira ishingiro abantu bafashe uko.

Turafise ivyo dushingirako mu kwitirira abandi bantu canke imigwi y'abantu tudasa, turabakunda canke tukabanka dufatiye uko tubibaza.

Uturorero : Abamoso ngo ni abarizi. Abanyamwaro ngo bakunda amafaranga. Abahutu ngo bavugiraho kandi bakoresha impaka, ngo ni abakunzi b'inda. Ngo abatutsi ni ba rwicaruhoze, bari inda mbi, ngo ni abanyamiryozi.

Ubudasa mu bantu ni ubusanzwe. Mu bahutu hariho ba rwicaruhoze. No mu batutsi hariho abahuruduka n'abakunzi b'inda.

Tinya ibihuha :

Ibihuha birashobora kuba isoko ry'urwanko n'imishamirano mu bantu. Ibihuha vyaduka mu migwi y'abantu itifashe neza iri mu matati y'ukuri canke ashobora kuba. Umuntu wese avuga igihuha arishiriramwo amajambo yiwe canke akayakuramwo, arahindura inkuru afatiye ku vyo ashaka, ivyo yemera canke ibisanzwe bivugwa bitagira ishingiro abantu bafashe uko. Kenshi na kenshi, inkuru mwumva ntaco iba isa isana n'inkuru y'imvaho.

Kugira wumvishe abigishwa ico ari co igihuha, ongorera iyi nkuru umwe mu bigishwa :

„Ejo ku mugoroba, iradiyo yaramenyeshesheje igandagurwa ry'umuryango wose wo ku mutumba „Nyungu“ ryagizwe n'akagwi k'abantu 5 bitwaje inkoho. Amatohoza ntaratuma abakoze iryo shano bamenyekana, ariko bibaza ko bari mu basubijwe mu buzima busanzwe“.

Ca ubwira uyo mwigishwa ashikirize iyo nkuru umwe muri bagenziwe (abandi batavyumva). Bandanya gurtyo, gushika aho iyo nkuru ishikira umwigishwa agira icumi.

Saba uyo mwigishwa agira icumi ahejeje kuronka iyo nkuru gushikiriza abigishwa bose inkuru yabariwe n'umwigishwa agira icenda. Umwigisha araheza akabwira abigishwa bose inkuru y'ukuri yabwiye umwigishwa wa mbere.

Dusanga bimeze gute? **Dusanga inkuru y'ukuri yahinduwe. Inkuru yashikirijwe n'umwigishwa agira icumi ntaco isa isana n'inkuru y'imvaho.** Iyo umugenzi yibaza ko azi ibintu akuyagiye ivya naka, iba ari inkuru imaze gushikirizwa na bangahe?

Inkuru y'imvaho ni iyihe? Ivyo abashikirije inkuru bagiye bariyongereramwo bingana iki?

B) Iburabuzwa ry'abenegihugu

Intangamarara (imbarutso)

Saba abigishwa bibaze ingene ubuzima bw'impunzi n'abateshejwe izabo bumeze. Ni haba hariho ikambi y'impunzi canke y'abateshejwe izabo mu micungararo, genda muyirabe :

Ni ibiki vyatumye bahunga? Ivyabo (amatongo, inzu, ibutungwa) vyabaye iki? Uburaro bwabo mu makambi bumeze gute? Barafise aho barima? Batunzwe n'iki? N'ivyo bimbuye? Ni imfashanyo za PAM canke z'Ishirihamwe Mpuzamakungu ziraba impunzi kw'isi? Abana bamerewe gute? Baraja kw'ishuri? Nibaba batajaye biva kuki?

Inyigisho bwite

Muri uyu mwaka wa 2007, Abarundi bababa 200 000 baracabaho nk'impunzi mu mahanga, cane cane muri Tanzaniya. Mu mwaka wa 2004, bari 440 000. Mu gihugu hagati, abari mu makambi y'abateshejwe izabo bari nk'abo. Mu mwaka wa 2004, bari 283 000, muri bo 17 kw'ijana ntibari bafise aho barima.

Abo bantu bose babayeho nabi cane: babaho bagerekeranye, mu bukene, bazera inze. Abo bantu barashobora kugira akarezareza ku mutima, bakihebura, bakagira inzigo y'inzikira kubera amatongo yabo yagererewe n'abandi, ibintu vyabo vyasambuwe canke vyasahuwe. Barashobora kugira ivyiyumviro vyo kwihora.

Amatati aterwa n'ihunguka ry'abantu

Kenshi na kenshi amatongo yabo aba arimwo abandi :

Amatongo yabo aba arimwo abandi : incuti, ababa barayaguriye incuti canke bayahawe n'abategetsi, canke mbere barayihagiye. **Abahunze n'abateshejwe izabo bagarutse bashaka gusubira mu matungo yabo bagaca batata n'abo bayasanzemwo.**

Amatati y'amatongo ni yo agwiriye kuko abenshi mu bahungutse ari abarimyi, ntibashobora kubaho batagira itongo kuko ari ryo soko ryo nyene ribafasha kwikenura mu vya nkenerwa vy'ikiremwanuntu : kugira uburaro no kugira ico ushira ku munwa.

Amatungo yabo yarasambuwe canke yarasahuwe

Inzu, ibitungwa, amafaranga canke ayandi matungo yabo vyarasambutse canke vyarasahuwe mu gihe haduka intambara canke naho hariho inkozi z'ikibi zikitse mu kiza igihe bari bahunze.

Barakubaguwe barahoterwa

Hari abasambanjwe ku nguvu n'abarwanyu bitwaje ibirwanisho, abasinzikarijwe amagara, abasahuwe. Abana barajanywe mu ngwano, barata amashure kubera ubukene bw'abavyeyi, kuba kure y'amashure, kubera ubwoba bw'ukwicwa.

Leta ikora iki ngo ibafashe kubasubiza ivyabo no mu zabo?

Kw'igenekerezo rya 4 Rusama 2006, Umukuru w'igihugu yaratangaje icese itegeko rigenga imirimo, itunganywa n'iringanizwa ry'umugwi ujejwe ivy'amatongo n'ayandi matungo. Uyo mugwi nyene ni wo ushinzwe gutorera inyishu ibibazo n'amatati vyerekeye itahuka iwabo ry'impunzi n'abateshejwe izabo hagati mu gihugu. Uyo mugwi wahawe ikiringo c'amezi 36, ikiringo kizokwongerezwa ari uko Leta ibanje guca irya n'ino ivyakozwe ikabona gufata ingingo.

Uyo mugwi ugizwe n'abantu 23 ushinzwe imirimo ikurikira :

- *Gutororokanya amatongo ya Leta n'ukugarura ayatanzwe bidaciye mu mategeko*
- *Kwumviriza no gutatura amatati bashikirijwe n'abasinzikajwe n'intambara kugira ngo basubire ku vyabo*
- *Guha amatongo mashasha abatayafise, bagiye inama n'abategetsu babifitiye ububasha*
- *Gukiranura amatati atatorewe inyishu canke yerekeye ingingo zari zafashwe n'imigwi yo hambere*
- *Kwiga uburyo bwo gushumbusha abasinzikajwe n'intambara batashoboye gusubizwa amatongo canke amatungo yabo*

Tegere neza : Uwo mugwi urafise abawuserukira mu ntara yose. Ubu, iyo migwi yo mu ntara irakora.

Gusozera

- Mu kibano aho mba hariho abahungutse n'abateshejwe izabo mu gihugu hagati bipfuzza gusubira mu matongo no matungo vyabo.
- Birashobora gushika ko abantu basanzwe baba ku mitumba badashoka babakira kuko batinya kubashyamba ivyo babatwaye.
- Ni ukumenya ko hashobora kwaduka umudugararo. Ni ngombwa kubizitirira.

Mwokora iki mu kubafasha?

- Himiriza abahungutse, abateshejwe izabo mu gihugu hagati n'abasanzwe kubana mu mahoro no gufashanya;
- Erekanwa wongere ufashye gutorera inyishu ibibazo vyaduka mu kibano;
- Menyesha abahunguka, abateshejwe izabo n'abandi begwa n'amatazi y'amatungo ko hariho umugwi ujejwe ivy'amatungo n'ayandi matungo hamwe n'amabanga ushinze;
- Bibaye nkenerwa, mutegerezwa kubafasha gutaka uyo mugwi usanzwe wishikira ahari amatazi iyo bikenewe kugira ngo utegere neza inkomoko yayo;
- Ntimukabe ba sindabibazwa imbere y'akarenganyo kagirirwa abahungutse n'abateshejwe izabo.

Ibindi mutegerezwa gukora:

- Kubeshyamba irementanywa ry'ibihaha vyokwiragira mu kibano ryashobora gutera ubwoba n'ukwinubana mu babanyi kutagira ishingiro;
- Kwiyamiriza imvugo n'ibisanzwe bivugwa bitagira ishingiro abantu bafashye uko mu kibereho yabo bifatiye ku vyo amoko, intara, amadini canke ibindi mwumva mu biganiro mugirirana n'abagenzi canke urwaruka mukurikirana.

INYIGISHO YA II : UBUHINGA BWO GUKINGA NO GUTATURA AMATATI

IGICE CA 1 : GUTATURA AMATATI BIDACIYE MU MIGERE

Intangamarara (imbarutso)

1. *Pasikari « yarihenze » yubaka inzu mu kibanza ca Davidi. Nk’uko vyumvikana, Davidi ntiyavyemeye. Yaciye aja kwitwara muri sentare y’intango. Abacamanza ntibanyarukije guca urubanza, Davidi nawe aca arashavura. Yari amaze kurwana kenshi na Pasikari, amatati yabo ahava atandukira imiryango yabo uko ari ibiri.*

Gabura mu migwi ibiri abigishwa, babaye benshi babe bane.

Basabe berekane ivyo bosaba abo bantu babiri kugira ngo ivyo bapfa bihere.

Mu gihe co gushira hamwe ivyiyumviro, bahanahane ivyiyumviro ku vyo bagiye barashikiriza, ivyiza n’ibibi vyavyo.

2. *Murakurikirana urwaruka rwo ku mutumba iwanyu, mu nkino no mu mico kama. Umusi umwe, muratunganije urukino rw’umupira w’amaguru. Urukino ruriko ruraba, umukinyi yinjiza igitsindo n’ukuboko, umuhagarikizi w’urukino ntiyabona ko vyagenze uko. Umugwi winjijwe uca uracanka, urondera no kudasubira gukina hamwe ico gitsindo cokwemerwa.*

Inyigisho bwite

Ubwa mbere na mbere, **gutatura amatati** ni **ukumenya ico avuye ko** ubwo nyene, ico yoba yaravuyeko muri kahise, abo vyega n’ababashigikiye, **ivyo barondera**, ugaca werekana umuti wayo wamaze kuvyumva neza.

Mbega, Pasikari yari azi ko ico kibanza gifise nyeneco canke ntiyari abizi? Nimba yari abizi, ni igisuma, akwiye guhanwa. Ni yaba atavyo yari azi naho, ni ukugerageza kurwanira naho nyene inyungu ziwe.

Pasikari na Davidi bari babanye gute imbere yo gutata? Davidi arondera iki, Pasikari wewe? **Hariho itegeko canke imigenzo y'ikirundi yo gutatura bene ayo matati?**

Ku biraba ivy'urukino rw'umupira w'amaguru, nimba umuhagarikizi w'urukino atavuze ko habaye ikosa, wamenya gute ko habaye ikosa?

Aho abantu baba hama hariho **ubuhinga burekuwe n'amategeko** bwo gukinga no gutatura amatati : amabwirizwa, amategeko (amategeko agenga ingo n'imiryango, amategeko agenga amatongo), imico kama n'ibindi.

Ahantu kandi haba abantu hama hariho **abantu bashinzwe guseruka ubwa mbere habaye amatati** : abashingantahe, igiporisi, ubutungane.

Kugira ngo ntihaduke amatati yovamwo imidurumbanyo, ubuhinga bukoreshwa kenshi kandi ku musu ku musu ni **ibiganiro**. Ni ukuvuga ko abegwa n'amatati bafatira ingingo hamwe yo gutorera umuti ivyo bapfa mu mwumvikano. Bashobora kuvyihereza bo nyene canke bakarondera umuhuza abafasha. Ba bakinyi twavuga bashobora guheza amatati yabo bafashijwe n'umuhuza, ashobora kuba wewe canke uwundi. Nk'akarorero, kurondera ivyabona ataho vyegamiye mu barorerezi vyofasha kugondoza uwivye, igitsindo kigafutwa.

Gusozera

Kubera ko indwano ihera mu mitwe y'abantu, ni muri icyo mitwe nyene twohera mu gushinga ibiremesha amahoro (raba ibwirizwa rishinga Ishirahamwe Mpuzamakungu riraba ivy'Indero n'Imico Kama : UNESCO)

- *Ni murabe neza amatati yubuka aho muri. Ni mufashe abahanganye gutorera umuti ivyo bapfa babicishije mu kuganira, mubabuze kunigana.*
- *Bababajije icyo muvuyumvirako, babwize ukuri mutabahemye.*
- *Emere uwubirukiye uko ari. Ntimwihe kumucira urubanza, ngo mumwinube mwitwaje ivyo basanzwe bamuvugako canke ibihuha bivugwa kuri we, ku muryango wiwe canke ku bwoko bwiwe.*
- *Ni mwigore mwishire mu kibanza c'abandi. Na bo barababazwa n'akarenganyo nka mwe.*
- *Ntimuhemukire ababirukiye mu gukwiza hose ingorane babatuye.*

IGICE CA 2 : IBIGANIRO

Intangamarara (imbarutso)

1. Hera ku matati ya Davidi na Pasikari.
2. Yakobo arafise umukobwa w'imyaka 18 yitwa Sisiriya yiga mu mashure yisumbuye. Mu kiruhuko aba i muhira gake cane : yama mu manama, kuramutsa abagenzi no mu misi mikuru. Nyina ntibimunezera namba, yama ariko araturukana na we kugeza aho se aja hagati kugira ntibarwane.

Inyigisho bwite

Davidi na Pasikari canke Sisiriya na nyina wiwe bemeye kuganira kugira ngo batore inyishu ibashimisha bese. Bovyifatamwo gute ?

- **Gutegera neza ingorane iyo ari yo :** Bapfa iki ? Ico bapfa gifitiye akamaro akahe umwe umwe muri bo ? Gusohoka bimariye iki Sisiriya ? Igishavuzwa nyina wiwe ni igiki ? Ni uko atamufasha ibikorwa canke ni ugutinya ko yohava akomereka, agatwara inda nk'akarorero ?
- **Gutegera neza inyungu z'umwe umwe :** Umwe wese ashaka gushika kuki? Ico ashira imbere ni igiki ? Ni ibiki Davidi na Pasikari canke Sisiriya na nyina badashobora guheba vyanka bikunda ? Mbega uko ari babiri barashaka kugumana imibano myiza bari bafitaniye (ubugenzi, umubano mwiza, ubucuti) canke barashobora kuyiheba bagashira imbere inyungu zabo ? Umwe muri bo yoba avyanka n'impaka kugira ngo ntamaramare ?
- **Gufatira ku vyo bahurirako :** Kugira ngo ibiganiro bigende neza, Davidi na Pasikari canke Sisiriya na nyina wiwe bategerezwa kwisunga imigenzo imwe yo ku mugina, ku mategeko amwe. Ibiganiro ntibishoboka umwe wese yisunze ivyiwe.
- **Umuti wotorwa :** Iyo umuntu agiye mu biganiro azi inyungu z'umwe umwe, ni ukwibangikanya uwundi muti wokoreshwa igihe ibiganiro vyokwanka ntibibandanye. Pasikari na Davidi, Sisiriya na nyina wiwe, bese bategerezwa kwemera umuti watowe. Hamwe Davidi yokwanka guheba ikibanza ciwe c'inzu, Pasikari na we agashaka gusubira mu nzu yiwe vyanka bikunda, amatati ntiyotorerwa umuti.

Ibiganiro bishobora kugirwa hagati ya Davidi na Pasikari canke Sisiriya na nyina atawubagiye hagati. Ariko ico umuntu yotinya ni uko batohava bumvikana kubera imvo nyinshi. Mu kwirinda ko ivyo biganiro bihagarara, barashobora kwumvikana bagatora **umuhuza** bese bizigiye. Uyo na we ategerezwa kubumviriza, akamenya ingorane zabo n'imitigo bategana agaca abereka ivyo bohuriza ko. (Raba inyifato y'abashingantahe iyo bariko baratatura amatati).

Ico ibiganiro bishika ko

1. *Ibiganiro vyabaye impfagusa* : Ibiganiro hagati ya Davidi na Pasikari birashobora kutagira ico bishika ko. Muri ico gihe, si Pasikari, si Davidi, nta n'umwe ashika ku co yipfuzwa. Amatati agumaho mbere akunyuka.

Intambanyi z'ibiganiro bishemeye zo kwitwararika :

- ***Ukutizigiranira kw'abaganira*** : Umwe wese yibaza ko mugenzi we abesha, amuronderera inabi canke naho agomba kumunyaga. Kugira ngo ushobore kwumvikanisha abagenzi batase, banza urabe ko bagisigaranye agatima na gatoyi ko kwizigiranira.
- ***Kudadika*** : Kwemera ivyiyumviro vy'uwundi bisa n'ukwemera ko akugaye. Ka buvyezi, nyina wa Sisiriya arashobora gufata ko ategerezwa kurera umukobwa wiwe avyemera canke atavyemera akibagira ko kubera afise imyaka 18 atacemera gufatwa nk'umwana.
- ***Guhishanya ivyo bashaka gushika ko*** : Umwe mu baganira arashobora kuba afise ico ashaka gushika ko adatomora. Nk'akarorero, Pasikari arashobora kuba afise intumbero yo kunyaga Davidi ikibanza ciwe c'inzu. Mu gusohoka kenshi, Sisiriya arashobora kuba afise umugambi wo guhunga ibikorwa vy'imuhira.
- ***Ubwibone*** : Ivyo mvuga ni vyo vy'ukuri, uwundi nta kindi avuga atari ibinyoma. Ivyo nkora ni vyo bijanye n'amategeko, ivyo uwundi akora ntibijanye rero n'amategeko.
- ***Umwikeko n'ibisanzwe bivugwa bitagira ishingiro abantu bafashe uko ni vyo soko ry'ubwibone*** : Turafise akamenyero ko kwitirira inyifato zitabereye abantu tudasangiyeye umugwi : abantu b'ubundi bwoko, b'intara kanaka, b'ishengero rinaka : barakora ikibi, ni abangushi n'ibindi. Aha mu Burundi turakunda kwumva abavugaga abahutu n'abatutsi babegekako ububegito butagira izina : ngo abahutu bakunda inda, ngo abatutsi ni inzoka.

Umwimenyerezo

Umugwi urimwo abakobwa n'abahungu, umwigisha arashobora gusaba abahungu kudondagura ivyiza n'ibibi vy'abagore, hanyuma ivyiza n'ibibi vy'abagabo. Abakobwa na bo akabasaba kudondagura ivyiza n'ibibi vy'abagabo, hanyuma ivyiza n'ibibi vy'abagore. Umwigisha araheza agatondeka abangabanganya ku kibaho ivyiza n'ibibi vy'abagore n'abagabo. Bazohabonera ibintu bitangaje !

2. *Ivyo bumvikanyeko*: Umwe wese yaronse igice c'ivyo yipfuzwa. Amatati ntaba aheze kuko ntaba atorewe inyishu y'imvaho.
3. *Inyishu ishimisha bose*: Umwe wese yaronse ico yarondera. Amatati arahera bagasubiza hamwe. Mu matati ya Davidi na Pasikari, ni igiki coshobora gushimisha neza bose? Akarorero: Pasikari aremera kuriha Davidi ikindi kibanza c'inzu kumbure kiri heza gusumba ica mbere. Davidi nawe aremera ko Pasikari agumya inzu na ca kibanza co kwubakamwo.

Gusozera

- Ibiganiro ni ingendo ya misi yose. Turaganira imisi yose n’abavyeyi, abagenzi, ababanyi n’abadutwara ku vyo turekuriwe n’ivyo tutarekuriwe gukora.
- Amatati mu bantu arasanze, kuko inyungu zacu ziba zidasa kenshi na kenshi hagaca haba amatati.
- Mu kibano, fasha usabe abantu bariko baratata ko wobafasha gutora inyishu, gerageza kubabuzza gukoresha inguvu, kuko inguvu zikwega izindi, bigatuma bigora gusumba gutora umuti w’amatati.
- Amatati yubutse mu kibano, ntimusongere isibe ngo mugire nkunzi canke ngo mucire ku buhomba umwe muri bo amatati yega. Abantu boca babakura ko umutima kandi ntibazosubire kubatura ingorane zabo.
- Amatati yose ategerezwa gutorerwa umuti. Nta matati y’akayoberabahinga abaho. Ico mutegerezwa kumenya, ni ukwumviriza no gutegeza inyungu z’abandi. Ntimurondere gushira imbere ivyanyu gusa. Mwigenjeje uko, muba muteye kandi musasiye indava amatati.
- Abantu bikunda baratata kenshi na kenshi n’umuryango wabo, ababanyi n’abo basangiye imirimo

IGICE CA 3: UBUHINGA BWO HAMBERE BWO GUKINGA NO GUTATURA AMATATI

A. Urwego rw’abashingantahe

Intangamarara (imbarutso)

1. Saba abigishwa gutora imyibutsa n’imigirwa vyerekana ko aho hambere abashingantahe bari bafise uruhara ruhambaye mu gukinga no gutatura amatati.

Imyibutsa

- Ahari abagabo ntihagwa ibara
 - Ubugabo si urucumu
 - Agasozi k’intahanurwa kahiye abagabo babona
 - Umwami agirwa n’abagabo
2. Baza abigishwa ko bazi ingene abashingantahe bagira mu gutatura amatati :
 - a) Umwe mu bibaza ko yarenganijwe aritura umushingantahe akamusaba ko yomufasha gusubira ku vyawe, akamurenganura. Umushingantahe aca abimenyesha bagenziwe hanyuma na bo bagaca baha isango ababurana.
 - b) Abashingantahe babanza kwumviriza uwitwaye hanyuma uwitwariwe. Abashingantahe barasubiramwo ivyavuzwe n’abo bantu babiri bagaca babasaba kuvyemeza. Ni kuki babigira gurtyo ? Ni ukugira ngo abashingantahe n’ababurana bumve neza kandi kumwe imvo n’imvanyo y’amatati.

- c) Abashingantahe baca basaba ababurana gutaramuka. Baca bihweza urubanza bakongera bakumvikana ingingo bafata.
- d) Baraheza bagahamagara ababuranyi bakabashikiriza ingingo yafashwe. Baravye inkomoko y'urubanza, uwagirwa n'icaha baramwerekana, bakamusaba indishi y'akababaro. Iyo ari ibindi, abashingantahe baranywanisha ababurana.

Inyigisho bwite

Ku mutumba wose wo mu Burundi hariho abantu bakuze, b'inararibonye, bubahwa na bose kandi rimwe na rimwe baba baratiwe. Ni bo bafise uruhara ruhambaye mu kwumvikanisha ababa ku mutumba n'abatahaba. Ni bo bavyurwa mw'ijoro iyo hadutse amatati mu rugo runaka, hagati y'ababany, iyo hari umurwayi wo gufasha.

Abo bashingantahe barangura rero amabanga ane ngenderwako :

1. **Gihanura mu muryango** : Umushingantahe arizigirwa n'ababany. Umuntu wese afise ibimugoye canke azigirijwe arashobora kumwirukira.
2. **Guca imanza** : Abegwa n'amatati batayatoreye umuti bo nyene canke ngo arangizwe n'impanuro z'umushingantahe, ayo matati aca ashikirizwa intahe yo ku mugina.
3. **Rutungaboro naho yobizira** : Ku bami, abashingantahe barashobora gukiza abantu batobato barenganijwe n'umwami canke abaganwa, nk'ukunyagwa amatongo canke ibitungwa.
4. **Inkinzo y'ijambo** : Mu gihe co gusaba umugeni, gusaba inka canke kugura itongo, abantu birukira abashingantahe kugira ngo bababere ivyabona. Kugira umushingantahe icabona ni ikimenyetso c'umwizero ntangere ku baburanyi.

Ni nde yemerwa ko ari umushingantahe ?

Yategerezwa kuba ari umugabo :

- Ahumuye kandi w'ijambo
- Invugakuri
- Atarenganya kandi yuzuriza bose
- Atunze
- Incabwenge kandi yubatse neza
- Abanguka gutabara abandi atarinze gusaba impembo

Ni kuki ari abagabo gusa batirwa ? Kubera iki abagore batatirwa ? Imvo ni izihe ?
Ubwo ntibwari ubundi buryo bwo gukumira abakenyezi ?

B. Ubundi buhinga bwa kera bwo gukinga amatati

- Imigirwa ijanye n'imico kama yo kwubaha abantu bamwe bamwe vyaboneka nabi mutase : abavyeyi, abatama n'abatamakazi, abategets, ibishegu vya kiranga
- Urwego rw'abashingantahe rwari rufise uruhara rwo gukinga amatati

- Invugo y'ikirundi ikinga amatati : *uworukarisha rwomumwa, agasozi k'intabarirwa kahiye abagabo babona*
- Ibihano vyo kwangaza abagotse
- Kubanguranya : Umuntu wese asanze aho bariko barasinda canke bagomba basinde yaca abanguranya, rimwe na rimwe mbere akaja hagati y'abashamiranye akabaka ibirwanisho.

Mu migenzo ya kera y'ikirundi, hariho umugirwa wafasha gukuraho canke gukinga amatati y'amaraso. Iyo umuntu yishwe mu muryango, kumuhora ryari nk'itegeko ku biwe. Kubera ko ubwicanyi bwahakwa kuba akaranda, mu kuburwanya bataka inararibonye z'imiryango ibiri yashamiranye be n'abashingantahe.

*Baca batunganya umunsi mukuru wo gusubiza hamwe, aho abaserukira iyo miryango bakarabira hamwe amaraso y'intama nyamweru, kikaba ikimenyetso ko basubiye kunywana, bagaca basangira inzoga. Inyuma y'ivyo birori, amatati yaba aheze. Umuntu yokwibuka ko uwo mugirwa wakoreshejwe mu gusozera **amanama ku masezerano y'ubumwe bw'Abarundi** yatunganijwe mu ntara zose z'igihugu mu 1991.*

Gusozera

Mutegerezwa kwerekana ingeso nziza z'umushingantahe :

- Kutarenganya n'ukwumviriza bose mutaravye abo musenga hamwe, abo musangiye umugambwe canke ubwoko. Muvyifashe mwo gurtyo, abantu bazobizigira kandi babafate nk'intumwa z'amahoro koko.
- Renguka ningoga ahadutse amatati mu kibano, fasha abariko baratata gutora umuti, cane cane ntugire nkunzi, ntuhengamire kuri uyu canke uriya.
- Muri kumwe n'urwaruka, ni ukubasubirira mwo kenshi ko kwubaha amategeko no kwumira kw'ijambo ari yo nkinzo y'umubano utagira agahonzi. Ukwiyorobeka, ukwiba, ukubeshya, ni inkwezi y'amatati.

INYIGISHO YA III : AMATEKA N'IMICO MYIZA VY'ABANTU

**IGICE CA 1 : ITANGAZO MPUZAMAKUNGU RYEREKEYE AGATEKA
KA ZINA MUNTU**

**Umwigisha abanza gusigurira abigishwa aho iryo Tangazo ryavuye :
(impfunyapfunyo y'iryo Tangazo iri mu mpapuro ziherekeza izi nyigisho)**

Muri kahise k'ibihugu, harabaye ibintu bibi vyagizwe atawovyemera muri iyi misi, nk'ukugira abandi abashumba no gucura bufuni na buhoro ibihugu. Harabaye kandi n'ingwano nyinshi aho Amaleta akomeye yatera ayandi kugira ngo yigarurire ibihugu n'ubutunzi vyavyo. Mu myaka y'i 1914 – 1918 no mu 1939 – 1945 harabaye ingwano zibiri z'isi yose zatwaye abantu imiliyoni n'imiliyoni, zisambura ibintu bimwe biteye ubwoba i Buraya no mu tundi turere tw'isi.

Mu 1948, inyuma y'ingwano y'isi yose igira kabiri, abatwara isi barisubiyeko, bafata ingingo yo gushiraho inzego zo gutorera umuti amatati hagati y'Amaleta. Muri uyo mwanya nyene, barateye igikumu kw'Itangazo Mpuzamakungu ryekeye agateka ka zina muntu rigizwe n'ingingo 30. Ingingo ya mbere y'iryo Tangazo ivuga iti : « Abantu bose barangana imbere y'amategeko kandi bategerezwa kwubahirizwa kimwe kugira ngo ntihagire urenga canke ngo ahirahire kurenga izi ngingo zimeshenyeshejwe ». Ubu Amaleta yose n'Amashirahamwe ategamiye Leta afatira kuri iryo Tangazo mu gushinga amabwirizwa n'amategeko akingira amateka y'abavukagihugu.

Intangamarara (imbarutso) :

Saba abigishwa kwishura ibibazo bikurikira na cane cane bagasigura inyishu batanze :

- *Umuvyeyi arafise uburenganzira bwo guhatira umukobwa wiwe ku musore uyo muvyeyi ashaka ?*
- *Umurundikazi arashobora gutwarwa n'Umubiligi atabirekuriwe n'abavyeyi ?*
- *Hagati y'umugabo n'umugore, ni nde asumba uwundi ?*
- *Umukenyenzi ategerezwa gusenga mw'Isengero imwe n'umugabo wiwe ?*
- *Igihe abantu bafashe umusuma, bararekuriwe kumukubita bakamuhasha kugira ngo bamubuze kuzosubira ?*
- *Umuntu ava mu Kayanza arafise uburenganzira bwo kugura itongo mu Ruyigi ?*
- *Bulamataru w'Intara arashobora kukwirukana mu ntara yiwe igihe atagukunda ?*

Inyigisho bwite

Umwigisha arafatira ku nyishu zatanze no ku vyiyumviro vyagiye birahinyanyurwa kumbere kugira yereke abigishwa ko **hariho amateka y'abantu ategerezwa gusonerwa na bese**. Ayo mateka ari mw'Itangazo Mpuzamakungu ryerekeye agateka ka zina muntu ibihugu vyose biri mw'Ishirahamwe Mpuzamakungu « ONU », n'Uburundi burimwo, vyiyemeje kwubaha no kwubahiriza.

Amateka amwe afatwa ko ari ngenderwako. Umwigisha arashobora kuyatomora neza yishimikije ubundi burorero bwo mu buzima bw'abantu :

Amateka ngenderwako :

Uburenganzira bwo kubaho : ubuzima ni katihabwa. Birabujijwe kwica mugenzawe canke kumusinzikariza ubuzima... N'umusuma afashwe mpiri, nta muntu afise uburenganzira bwo kumwica...

Uburenganzira bwo kwishira no kwizana : uburenganzira bwo gutora uwo mwubakana, idini, ikibanza co kubamwo,... Umurundi arafise uburenganzira bwo

kuba mw'ikomine iyo ari yo yose canke ku musozi uwo ari wo wose mu gihugu c'amavukiro.

Uburenganzira bwo kungana imbere y'amategeko : Abantu bose barangana imbere y'amategeko kandi bategerezwa kwubahirizwa kimwe. Nta n'umwe arekuriwe gukumirwa. Igihe ukwije ibisabwa kugira ushingwe umurimo munaka, ntawushobora kubikubuzza kubera ubwoko bwawe, idini ryawe, akarere k'amamuko yawe,...

Uburenganzira bwo kugira umutekano : umuntu wese arafise uburenganzira bwo kubaho mu mahoro, bwo kwishira no kwizana mu bintu vyawe ata bwoba ko babimutwara. Nta n'umwe arekuriwe kukuremera canke kukurementaniriza kugira ngo agutume umuhebera ivyawe.

Uburenganzira bwo gukingirwa n'amategeko : amategeko ategerezwa gukingira canke guhana abavukagihugu bose ata n'umwe akumiriwe, abakuru n'abato.

Gusozera

- Amateka n'amategeko yerekeye abantu bose ata n'umwe avuyemwo, abakuru n'abato, abatunze n'aboro.
- Ntugume uri sindabibazwa ubonye aho uherereye akarenganyo no kutubahiriza amateka. Vyereke uwuriko arayarenga kandi ufashe n'uwurenganijwe gusubira kuronka uburenganzira bwiwe.
- Ntiwibaze ko ihonyangwa ry'amateka y'abantu ritakuraba. Ni ibintu vyama vyabaye : umugore akubitwa n'umugabo yaborerwe, impfuyi igurishirizwa itongo na sewabo, umupolisi akoresha ububasha afise kugira ngo yake abantu amafaranga, umusitanteri apfunga abantu kuko banse kwinjira mu mugambwe arimwo n'ibindi.
- Ntiwibagire na rimwe kandi ereka abo musangiye igihugu ko amateka yama ajana n'ivyo umuntu ategerezwa kurangura. Urafise uburenganzira bwo gusaba ushimitse ko abantu basonera amateka yawe, ariko utegerezwa nawe gusonera amateka y'abandi.

IGICE CA 2 : AMATEKA AGENGA ABAKENYEZI

Intangamarara (imbarutso)

1. Saba abigishwa batange imyibutsa canke amajambo ameze nka yo bivuga abakenyezi n'imigenderanire hagati y'abagabo n'abakenyezi. Ivyiyumviro birimwo ni ibihe?
 - Impfizi ntiyimirwa
 - Umuhushatunga ahusa umugore
 - Abakecuru muhendwa mubona
 - Inkokokazi ntibika isake iriho
 - Urugo ruvugamwo umugore rumera ivyatsi
 - Urugo rutagira umugabo ntakitarukengera
 - Abagabo barubaka abakenyezi bakinjira

2. Baza abigishwa ingene mu ngo imirimo igabanganijwe hagati y'umugabo n'umugore. Abigishwa barashobora kwihweza ibikorwa vyagenewe abagabo n'ibindi vyagenewe abakenyezi. (Tegere neza: hari aho bigenda birava ku ntara)

Inyigisho bwite

- Fatira ku nsiguro zatanze ku myibutsa canke amajambo asa nayo hamwe n'ingene imirimo igabuwe mu ngo kugira ngo abagishwa babashe kubona ko n'ubu abakenyezi bakirenganywa kandi bagikumirwa.

- Mu ngo nyinshi, abakenyezi bakora vyinshi rwose kurusha abagabo: kurera abana, gukora ibikorwa vyo mu mirima, gutegura imfungurwa. Yamara abagabo bakaba ari bo cane cane bagira ico bakuye muri ivyo bikorwa. Ni bo bagaba amatongo, amafaranga n'ivyimburwa vyo mu mirima. Mu bana naho, hagati y'abahungu n'abakobwa ni abahe bakora gusumba abandi? Ni bande

batorana ubwa mbere ivy'abavyeyi? ... None ivyo ni vyo? Ubwo ni ubutungane?

- Umwigisha ategerezwa kandi kwereka abigishwa ko abakenyezi ari bo bakubagurwa n'abagabo bubakanye, bakabigenzako kandi bagashurashuzwa ku nguvu gusumba abagabo kubera abakenyezi batagira inguvu, badatwarira hejuru kandi biyubara ivyo abandi bobavugako.

Tanga uburorero bw'abarwanyi bafashe ku nguvu akatari gake n'utwana duto tutarashikana imyaka 10 nk'uko amaradiyo akunda kubivuga, abigeme bacika abamaraya ngo bafashe imiryango yabo, abigeme basambana n'abigisha bamwe bamwe ngo babahe amanota n'ibindi.

- Umwigisha ategerezwa kandi kubwira abigishwa inkurikizi mbi zo gushurashuzwa : **ububabare** bw'umubiri bushobora gutuma aba ingumba canke akagira intinyi, **ububabare** mu mutwe bugoye guhera, kuba ikimaramare, ugutinya guhuza ibitsina n'ibindi, na cane cane ukugeramirwa cane no kwandukizanya umugera wa Sida.

Menyesha abigishwa ko hariho Amategeko Mpuzamakungu n'Amabwirizwa mu bihugu avuga ukungana hagati y'abagabo n'abagore :

Ibwirizwa Nshingiro ry'Uburundi : Ingingo za 13 na 22 zisaba zishimitse ko ata Murundi n'umwe yokumirwa.

Amategeko agenga ingo n'imiryango asaba abubakanye, umugabo n'umugore, gusenyerera ku mugozi umwe no gusangira ibanga ryo gutunganya ivy'urugo n'ivy'indero y'abana. Hari amatungo barondereye hamwe, bompi barayafiseko uruhara.

Itangazo Mpuzamakungu ryerekeye Agateka ka zina muntu : Ingingo ya mbere : *“Abantu bose barangana imbere y'amategeko kandi bategerezwa kwubahirizwa kimwe kugira ngo ntihagire urenga canke ngo ahirahire kurenga izi ngingo zimeshenyeshewe”*. Iyo ngingo ni ngenderwako kuko isigura ko Ibihugu

bigize Ishirahamwe Mpuzamakungu “ONU” bitegerezwa kurwanya no guhana ingendo zo gukumirana no gucinyiza.

Amasezerano arwanya ivyo vyose bikumira umukenyezi : ingingo za 5 na 10 zisaba Amaleta yayateyeko igikumu “gufata ingingo zo kurandurana n’imizi ivyiyumviro bitagira ishingiro n’ingiro zifatiye ku migenzo y’ikirundi bifatiye ku ciyumviro co kuba hasi canke hejuru c’iki gitsina canke ikindi ...”

Gusozera

- Mu mico y’ikirundi hariho imigirwa n’ivyiyumviro bicinyiza umukenyezi bibonekera nko mw’igaburwa ry’imirimo mu ngo, mw’igaburwa ry’ivyo gutorana mu bana, mu mvugo ideha agaciro k’abakenyezi, mu myibutsa n’ayandi majambo asa nayo.
- Iryo bintu bitameze neza bitegerezwa kubashika kandi mutegerezwa kugira ico muterereye ngo bigabanuke, nko mu gushira abigeme mu bashingwa amabanga mu migwi muzokurikirana, mu gusaba abahungu kwirinda gusuzugura bagenzi babo b’abigeme.
- Mutegerezwa kandi kurwanya amabi yo gukubagurwa agirirwa abakenyezi aho muherereye : abakenyezi bakubitwa n’abagabo babo, abakenyezi bakubagurwa, abigeme bakubagurwa canke basunikirwa mu bumaraya, batwara imbanyi badashaka. Mutegerezwa kwankiriza no kwiyamiriza ivyo bintu.

IGICE CA 3 : AMATEKA AGENGA ABANA

Intangamarara (imbarutso)

Davidi na Diyana ni gishiki na gisaza bafise imyaka itandatu n’umunani. Se na nyina wabo bapfuye bishwe na Sida. Sewabo, umukuru wa sentare y’intango, ni we yaciye

abatunga. Abavyeyi ba Davidi na Diyana bari bafise itongo rinini ripima hegitari 15, inzu zibiri ziciye imiliyoni 30 z'amafaranga y'amarundi. Hacye igihe abavyeyi bapfuye, sewabo yacye atangura kugurisha uduceduce tw'itongo hanyuma agurisha inzu imwe muri zimwe zibiri. Kubera ko sewabo yakunda inzoga cane, ayo mafaranga yose yayamariye mu bunywero. Ababanyi biwe bagize ngo baramwagiriza ko ariko arasesagura itunga ry'abo bana yabishura abashinyaguriza ko ategerezwa kuronka amafaranga yo kubagaburira! Davidi na Diyana nta kanya ko guhemuka baronka. Bakora ibikorwa vyose abana ba sewabo badashaka gukora, ari co gituma akatari gake basiba canke bagakererwa kw'ishuri.

Ingene ibitigiri vy' abana vyari vyifashe mu 2004 :

- Impfuvyi za Sida zababa 250 000, muri zo 19 kw'ijana zikaba ata muvyeyi n'umwe zari zifise ;
- 40 kw'ijana zari impfuvyi zabuze ba se ;
- 43 kw'ijana muri izo mpfuvyi zariga, kandi abana basanzwe biga mu gihugu bashika 86 kw'ijana ;
- Abana bo mw'ibarabara bari 5000 : 70 kw'ijana muri bo birigwa mw'ibarabara bagataha iwabo ku mugoroba ;
- Abana 59 kw'ijana bari mu bahungutse ;
- Urugo rumwe kw'ijana rwari rutanzwe n'abana bafise imyaka iri musu ya cumi n'itanu.

Umwigisha araheza akabaza abigishwa n'izindi ngendo zijanye n'ukutubahiriza amateka y'abana babona mu buzima bwa misi yose canke umuntu yumva mu maradiyo :

- Guhumbisha n'ugushurashuza abana ;
- Guturubikwa kw'abana;
- Gusambanya abana k'unguvu;
- Abigisha canke abakozi ba Leta basambanya abanyeshuri ;
- Igurishwa ry'abana ;
- Ukudashira abana mw'ishuri, cane cane impfuvyi ;
- Kureka abana bakayerera mw'ibarabara canke kubareka bagasega ;
- Abavyeyi bihakana abana babo canke ntibabandikishe kw'ikomine n'ibindi.

Inyigisho bwite

Afatiye kuri iyo nkuru yashikirijwe, umwigisha aca afasha abigishwa :

- (1) gutora amateka y'abana sewabo wa Davidi na Diyane yahonyanze ;
- (2) kwerekana inyifato nziza sewabo yari kubagirira ;
- (3) kubona ko abatubahiriza amateka y'abana boroherezwa n'inguvu nke zabo, ukutamenya kwabo, muri make ku ntege nke zo kwigwanira, ari na vyo vyunyura ukwo kutubahiriza amateka yabo ;
- (4) kubona ko hariho amategeko mpuzamakungu n'amategeko yo mu Burundi akingira cane cane amateka y'abana.

Uturorero :

Ibwirizwa Nshingiro ry'Uburundi rirakingira umwana ku vyo yogirirwa vyose bitabereye hamwe n'iyinjizwa mu gisirikare ry'abana badashikana imyaka 16. Kwibutsa ko mu magume igihugu cagiyemwo kuva mu 1993, abana benshi (bashika 15 000) barijijwe mu gisirikare c'igihugu no mu migwi y'abitwaje ibigwanisho. Benshi muri bo baramaze gusubizwa mu buzima busanzwe. Kujana umwana mu ntambara ni icaha gihambaye. Turetse ko bamwigisha kwica no gusahura, baba cane cane bamwatse ubuto bwiwe. Bamutwara umwanya yomaze kw'ishuri.

Amategeko agenga ingo n'imiryango : Ingingo ya 312 ibwiriza uwureze umwana atarashika mu bigero *gukoresha ku neza yiwe ibintu vyawe*. Mu nkuru yashikirijwe, amatungo yasizwe n'abavyeyi ba Davidi na Diyane ni ayabo. Sewabo ntafise uburenganzira bwo kuyasesagura ahandiho inama y'umuryango canke sentare bohava bamwaka ibanga ryo kubarera.

Amategeko y'akazi arabuza gukoresha abana batarashitsa imyaka 16. Ku bikorwa vyo mu nzu bisanzwe birangurwa n'abana, ntibitegerezwa gutuma amagara y'umwana amererwa nabi canke ngo bimubuze kuja kw'ishuri.

Amategeko mpanavyaha ategukanya amezi 2 y'umunyororo (Ingingo 358) ku muntu wese atitaho umwana canke uwutaco yishoboje. Ico gihano kigwizwa na kabiri iyo ari

incuti y'umwana canke umuntu arekuriwe n'amategeko kumurera. Ico gihano nyene kirategekanirijwe umuntu wese yagiriwe no gufata nabi umwana, kumuturubika canke kutamuronsa ivyo akeneye (Ingingo 369).

Amategeko yubahiriza Amateka k'Umwana Uburundi bwemeje mu 1989, aratomora mu ngingo yayo ya 28 ko abana bose bategerezwa kuja mw'ishuri kandi bakiga mu mashuri y'intango ku buntu vyanse bikunze.

Tegere neza: Ukwiga ku buntu mu mashuri y'intango kwemejwe na Leta y'Uburundi mu mwaka wa 2005.

Ayo Masezerano ategeka Amaleta gukingira abana kugira ngo ntibacurwe bufuni na buhoro kubera amaronko no gukoreshwa ku nguvu canke guhabwa ibikorwa bishobora kubatesha amashuri canke kumwononera amagara (Ingingo 32, akarongo ka 1).

Isezerano ry'ibihugu bihurikiye mu bumwe bwa Afrika ryerekeye Amateka n'Ukubaho neza kw'umwana asaba Amaleta yayemeje gukingira abana ivyo bakorerwa bitabereye kandi bisinzikaza umubiri (Ingingo ya 16), ugushurashuzwa (Ingingo ya 27), ukubagurisha, ukubakoresha nk'abashumba, ukubanyuruza, no gushera (Ingingo ya 29) ...

Hambavu y'ayo mategeko yanditse, umwigisha azokwibutsa ko **mu mico yacu umwana yakingirwa ku buryo budasanze** n'umuryango wiwe wo kw'isoko mbere n'ababanyi, abavyeyi ba hafi n'abakure. Na kare ngo umwana si uwumwe. Umwigisha arashobora kandi gufatira no ku birori n'imigirwa yajana n'ubuto bw'umuntu (kwibarutsa umuvyeyi, gusohora amahasa) hamwe n'imiziro (uwashurashuzwa umwana yaba akoze icaha kitihanganirwa ari naco gituma yaca acibwa mu bantu).

Gusozera

- Abana ni ibiremwa vy'amagara make : nta nguvu bafise haba ku mubiri canke ku mutima, vyongeye ntibazi amateka yabo.
- Ntibashobora rero kwisangiza urugamba rwo kurwanya akarenganyo n'amabi bagirirwa.

- Kubera muri intumwa z'amahoro, ntimwemere ko amateka yabo ahonyangwa : ibikorwa bisaba inguvu, ugusinzikarizwa ubuzima, ugusambanishwa, ukutitabwaho, ukudashirwa mw'ishuri.
- Musanze mudashobora kuvyifasha, bimenyeshe abashingantahe canke abakuru b'intwari, n'abapolisi nyene bikenewe.

IGICE CA 4 : IMICO MYIZA Y'ABANTU

Intangamarara (imbarutso)

1. Gasupari ni umunyabigega wa Komine. Ni we ategerezwa gutegura amafaranga azokoresheya, agategura imishahara y'abakozi, agahemba abazanira ibikoresho Komine. Kugira ngo aheze ukwezi, adandaza mu mabutike abiri : imwe kw'isoko iyindi i muhira. Igihe adafise amafaranga akwiye yo gukoresha mu mabutike yiwe, akoresheya amafaranga ya Komine. Birumvikana ko aba gake ku kazi kiwe kuko aba ariko arakurikirana urudandazwa rwiwe. N'iyo ahaciye, ahamara isaha imwe canke zibiri agaca agenda. Akazi ntigatunganyijwe neza, imishahara yama ishika itevye kubera aba ku kazi umwanya muto. Abakozi ba Komine ntibanezerewe; baramaze mbere no kugira yegereyegere. Ariko uko ukwezi guheze arahembwa umushahara wiwe wose.
2. Gasupari aserukira kandi umugambwe mw'ikomine. Ni umuntu akara kandi atihanganira abandi. Afata abantu badasangiye umugambwe nk'imburakimazi. Yaragerageje akatari gake kwinjira mu mugambwe wiwe Bucumi, umugenzi wiwe w'umudandaza kuko yiyumvira ko yotanga intererano iboneka agaca ayikevya, akayikoresheya ivyiwe. Bucumi yaranse rwose kwinjira mu mugambwe wiwe. Gasupari yaratwawe n'ishavu gushika aho ahiga guturira amakamyo ya Bucumi hamwe atokwinjira buno nyene mu mugambwe wiwe. Bucumi yabifashe nka nkama kuko arazi ko Gasupari atwaza umukazo kandi ahagarikiwe n'abatware bo hejuru. Kugira ngo akingire itunga ryiwe, Bucumi yahavuye apfa kwemera kwinjira mu mugambwe no gutanga intererano.

3. Ni ivy'ukuri Gasupari si umuntu yoroshe. N'imuhira iwe ntibigenda neza namba. Amafaranga aronka canke ayo akevya aherera mu bunywero, mu nzoga no mu nyama zokeje. Umukenyezi n'abana biwe bafungura bigoranye kandi bambara impuzu zitabaguritse. Abana biwe babiri bari mu mashuri yisumbuye muri indwi afise barirukanywe kuko batatanze amafaranga y'ishuri.

Iyindi nkuru :

4. Umusore w'imyaka 20 yibaza ko yakuze kandi yitwaza uburenganzira bwo kwishira no kwizana amara umusi wose mw'ibarabara yikinira amakarata n'abagenzi biwe, canke akaja mu gisagara canke mu bunywero. Imisi yose ataha atevye rwose, akenshi yaborewe agashika avyura bose, asaba ivyo kurya, vyateba kuza agatera umudugararo.

Inyigisho bwite

Yishimikije ingene Gasupari canke uwo musore w'imyaka 20 bigenza, umwigisha arafasha abigishwa gutora imico myiza runtu Gasupari n'uwo musore batubahiriza: ugufashanya, ubutungane, ukwitaho ineza ya benshi, **kutaba indyadya, ukwihanganira abandi.** Inyifato zabo zirashobora gutuma haduka amatati akomeye mu miryango yabo, mu babanyi n'aho bakorera.

Kwibutsa abigishwa ko ivyo umuntu arekuriwe vyama bijana n'ivyo umuntu ategerezwa kurangura. Si ibisanzwe ngo Gasupari aronke umushara adakora. Ntivyumvikana ngo urya musore asabe ivyo aya adakora! **Ntushobora gusaba ko amateka yawe yubahirizwa utubahiriza ayo abandi.**

Kwibutsa abigishwa imico myiza runtu umuntu wese ategerezwa kugira no kwubahiriza kugira ngo azigame hagati yiwe n'abandi umwumvikano n'amahoro, gurtyo ntihabe amatati :

- **Kubumbatira amahoro n’umutekano** : kubana n’abandi mu mahoro, kwirinda gusomborotsa amatati mu kurenganya abandi canke mu kugira inyifato y’ukwikunda. Inyifato ya Gasupari irerekana ko yikunda; ntiyiyumvira ivyo abandi bakeneye. Vyongeye, ivyo Gasupari akora birashobora kuvyura amatati mu bantu benshi kubera ukwiyungira hamwe gufatiye ku moko, imiryango canke intara.
- **Kwisonera no gusonera abandi**: Nta gufata abandi nk’ibiremwa bidafise agaciro, gufata ko ataco bamaze kuko ata nguvu bafise, barwaye, batazi gusoma no kwandika, bari mu yindi migambwe canke amadini. Ni ibiremwa nka we. Gasupari yacinyije agateka ka Bucumi ko kuja mu mugambwe ashaka no kugira ivyiyumviro bitandukanye n’ivyawe.
- **Kwihanganira abandi** : kumenya kwishira “mu kibanza c’abandi”, gutegera ko uwukoze ikosa atari umwicanyi “**ruhebwa**”. Ukwihangana kurakenewe kuko ni ibisanzwe ngo habe ivyiyumviro n’inyifato bitandukanye. Abantu bose bafise ivyiza n’ibibi... Na mwebwe nyene ni co kimwe.
- **Gusonera amatungo rusangi** : nta kwonona, nta gutesha agaciro canke kurondera gukoresha twenyene ikintu dusangiye twese nk’uko Gasupari yabigize mu mafranga ya Komine. Amatungo rusangi kandi ni ibidukikije: ni ugusonera isi n’ibiri kuri yo : ibitegwa, ibikoko,... Na kahise kacu kari gashingiye kuri ivyo: carazira ko abana bica umuserebanyu kugira ngo abavyeyi babo ntibacike amabere.
- **Gusenyerera ku mugozi umwe no gufashanya**: Twama dukeneraniye. Nta kwijijanya imitima mu gufasha abari mu ngorane. Dutegerezwa kwitwararika ububabare bw’abandi. Inyifato ya Gasupari, serugo, imbere y’umugore n’abana biwe ntiyemewe. N’inyifato y’urya musore ni kwo kw’uko. Ntiyifatanya n’abandi bo mu muryango. Arikunda kandi arya imitsi abandi. Aratera ishavu akanavyura n’amatati.

- **Kutaba indyadya no kuba imvugakuri** : kugendera ukuri, kwirinda kwiba, gutega imitego abandi no kugenzanya. Wimenyereje kwiba, abandi bahemuka baguhinyuye kandi ntibabe bakikwizera. Ukubesha n'ukwiba biratera cane cane amatati.
- **Gukora neza n'ubwira ivyo ujejwe** : Ni bibi kumenyera kurya ivyo abandi babiriye akuya nawe ataco wakoze, ni bibi kwiba no gutanga ibiturire. Gasupari ahembwa ku kwezi ku kwezi kugira ngo akorere ikomine n'abayibamwo, ariko ntabigira, ariba ...
- **Gusonera amategeko n'amabwirizwa** : Ni vyiza gusaba ko amateka yanyu yubahirizwa. Yamara mutegerezwa namwe gusonera ayo abandi mu gusonera amabwirizwa n'amategeko yashizweho ngo atunganye umubano w'abantu akongera agatuma hataba amatati, **hataba gutwaza igikenye aho uwukomeye kurusha abandi ahonyanga ata nkomanzi amateka y'abatishoboye.** Akarorero: amategeko y'ibarabara. Bigenda gute iyo atubahirijwe? Bigenda gute iyo utaretse uwari kurengana ubwa mbere ngo agende kuko wewe wihuta?
- **Kwemera amatati hanyuma agatorerwa umuti mu mahoro** : Kwirinda gukoresha inguvu no guhiga nk'uko Gasupari yabigiriye Bucumi. Inguvu zisaba izindi nguvu. Amatati ni ayasanzwe. Kenshi dufise ivyo duharanira bitandukanye bikavyura ishari. Ni ukwemera amatati hanyuma ukayatunganya ubicishije mu biganiro.
- **Ukwiyumanganya no kwumvikana** : Abantu baratandukanye. Hagati yabo hari ibibatandukanya bifatiye ku mubiri : hari abavyibushe, abonze, abarebare, abagufi. Ntibashima kumwe ibintu n'ivyiyumviro. Uwo mudahuza si ukuvuga ko atameze nk'abandi. Vyongeye, uwufise ivyiyumviro bitandukanye n'ivyawe si ngombwa ngo abe yihenda.

Gusozera

- Ntimwame murondera ko amateka yanyu yubahirizwa namwe mudasonera ayo abandi.

- Ni ngombwa ngo mwigenze runtu : n'amategeko y'ubuzima adufasha kubana mu mahoro n'abandi.
- Igihe kandi ubonye babiri mu bagenzi bawe canke ababanyi batase, ntugire aho uhengamiye. Basabe ubumvirize hanyuma ubafashe gutora inyishu.
- Kubera muri intumwa z'amahoro, bahe akarorero mu gusonera amateka y'abandi no mu kurangura ivyo mutegerezwa.

INYIGISHO YA IV : UKUGWANYA IKIZA CA SIDA

Ibimenyeshejwe umwigisha : Bisabwe ko bishobotse ibi bice bibiri bikurikira vyokwigwa mu biringo bikurukirana kubera isano bifitaniye. N'ugusozera ni kumwe kuri vyose.

IGICE CA 1 : IBITUMA UMUNTU YANDURA UMUGERA WA SIDA

Intangamarara (imbarutso)

Saba abigishwa ngo bavuge ivyo bumva vyerekeye ivyo abantu bemera bijanye na Sida aho baherereye :

- *Sida ni igihano c'Imana.*
- *Sida ni akamari. Abayandura ni abatagira Imana.*
- *Sida yandurwa gusa n'uwuyirondera.*
- *Kugira ntiwandure Sida ni ukuryamana n'abigeme bakiri bato.*
- *Hariho abavuzza imiti y'ikirundi bemeza ko bavura Sida.*
- *Ivyo abantu bemera bijanye n'agakingirizo : agakingirizo karashobora kunyikira mu nda y'umugore, karabuza uburyohe (ni nko kurira imbombo mu kamwanyi).*

Inyigisho bwite

Umwigisha aranonosorera hamwe n'abigishwa ivyo bashikirije vyerekeye ivyo abantu bemera bijanye na Sida, bagatorera hamwe ivyiyumviro birimwo atari vyo n'igituma atawobijako. Aributsa ico ari co Sida n'ibiyitera bikuru bikuru :

- Sida ni indwara iterwa n'umugera VIH utuma umubiri w'umuntu ugenda uratakaza inguvu zo kurya imikorobi iwutera. Sida ni ingwara imaze kwibonekeza.
- Uwo mugera washitse mu Burundi mu ntango z'imyaka y'1980.
- Uwo mugera ugenda ugabanya inguvu umubiri ufise zo kwikingira indwara mu gutera no mu kwica imikorobi yinjira mu mubiri wacu. Umugera wica rero abasirikare bacungera amagara yacu. Igihe ubwo buryo bwo gukingira umubiri busambuwe, umuntu aca agwara indwara z'ubwoko bwinshi, agasigara ari mwahwera, zigahava zikamutwara.
- Igihe c'aho umuntu yanduriye umugera n'igihe ibimenyetso vya Sida bitanguriye kuboneka kigenda kirahindagurika uko abantu batandukanye n'ingene babayeho : imyaka 3, imyaka 10, imyaka 20, eka mbere n'iyirenga.
- Ibitaro n'amavuriro matomato mbere n'amashirahamwe birafise uburyo bwo gupima umugera wa Sida mu maraso.
- Ubu hariho imiti yo gupfupfahaza (antirétroviraux mu gifransa) ishobora kugabanya ubukari bw'igitigiri cawo mu mubiri. **Uragaba : iyo miti ntikiza indwara. Gushika ubu nta muti uriho ushobora gukiza Sida.**

Inzira nkuru nkuru zo kwandura umugera ni izi :

- **Uguhuza ibitsina n'umuntu afise umugera utabanje kwikingira.** Kubera ko umugera wa Sida utaboneka ku muntu awufise, umuntu ategerezwa kwinegesera n'ukwama agavye. Abantu bafise umugera barashobora kuboneka nk'abafise amagara meza. Ni co gituma umuntu agiranye imibonano mpuzabitsina n'uwo batari basanganywe yokoresha agakingirizo.
- **Gukoresha ibikoresho bikomeretsa uruhu vyagiyeko amaraso y'umuntu afise umugera wa Sida.**
- **Kwanduza umugera umwana ari mu mbanyi canke mu gihe co kwibaruka canke biciye mu maberebere.**

Tegere neza : Umuntu ntiyandura umugera wa Sida mu kuryama gusa mu gitanda kimwe n’umuntu afise umugera, mu gusangira nawe kw’isahani imwe, mu kumuramutsa, mu gukina na we, ...

Ibiharuro vyerekana ingene ivya Sida vyari vyifashe mu 2004 :

- Abagendana umugera wa Sida kw’isi : imiliyoni 45
- Abantu bishwe na Sida : imiliyoni zitatu n’inusu
- Abantu bagendana umugera wa Sida mu gice ca Afrika co muni y’ubugaragwa bwa Sahara : imiliyoni 32
- Abagendana umugera wa Sida mu Burundi : abantu 250 000
- Abapfuye : hafi y’abantu 45 000, 55 kw’ijana muri bo bakaba bari bafise imyaka iri hagati ya 20 na 39
- Abantu bamaze kwandura umugera wa Sida mu Burundi : 6 kw’ijana, 10 kw’ijana muri bo bakaba bari mu bisagara
- Impfuyi za Sida : abantu 250 000
- Ibitanda biryamyeko abarwayi ba Sida mu bitaro vy’i Bujumbura : 75 kw’ijana

IGICE CA 2 : KWIKINGIRA NO GUKINGIRA ABANDI

Intangamarara (imbarutso)

1. *“Diyane na Tiyeri bari abanyeshure bo mu mwaka wa nyuma w’amashuri yisumbuye kandi bari abagenzi bamaranye igihe kirekire. Bitayeko, baba ku musozi umwe. Umuhungu yari afise imyaka 20, umukobwa na we 18. Ntibari bazi ubwenge cane mw’ishuri, hanyuma barakora ikibazo ca Leta ata n’umwizero bafise wo kukimenya. Bari bamaze kwitegurira gusubiramwo umwaka w’ishuri. Yamara, bagira amahirwe: hageze kubarirwa amanota*

basanga bamenye bompi. Bararwana mu nda n'igishika cinshi, barakezanya mu kanyamuneza.

Hageze ku mugoroba, bafata ingingo yo kugiriranira umusi mukuru. Umwe wese yanyoye Amstel zitatu, ata n'umwe yari asanzwe afise ako kamenyero. Kubera inzoga, baciye bipfuzza rwose guhuza ibitsina baca baja mu cumba, akaba karaba. Ugasangwa umukobwa yari yarigeze kurwara indwara yo kubura amaraso akwiye mu mubiri kubera malariya igihe yari akiri uruyoya. Amaraso bari baramuteye yarimwo umugera wa Sida. Si we, si abavyeyi biwe, nta n'umwe yari abizi!

Umwigeme yaratwaye inda, umuhungu nawe, mu buto no mu bworo vyiwe, aranka kwemera ko iyo nda ari rwiwe kubera kuremerwa n'abavyeyi biwe. Wa mwigeme ntiyandikishije muri Kaminuza naho yari afise urupapuro rwa Leta rwemeza ko yahejeje amashure yisumbuye. Atwarwa n'ukwihebura, yihereza kunywa inzoga no kuba umumaraya. Imiryango yabo ihava yankana urunuka ntiyaba ikivugana”.

Iyo nkuru irashobora gushikirizwa ukundi:

2. *Umwigeme yaratwaye inda, umuhungu na we aravye ubuto bwiwe n'ubukene arimwo, aranka kwemera ko iyo nda ari rwiwe kubera ko abavyeyi biwe bamuremerewe. Wa mwigeme ntiyandikishije muri Kaminuza naho yari afise urupapuro rwa Leta rwemeza ko yahejeje amashure yisumbuye. Atwarwa n'ukwihebura, yihereza kunywa inzoga no kuba umumaraya. Imiryango yabo uko ari ibiri yahavuye yankana urunuka ntiyaba ikivugana”.*

Inyigisho bwite

- Umwigisha arafatira ku nkuru ya Diyana na Tiyeri kugira atanguze ibiganiro hamwe n'abigishwa. Shimikira ko mu bihe bimwe bimwe **abantu bahuza ibitsina batiyumviriye** kubera inzoga, kuba ahiherereye bari bonyene, gukorakoranako n'ibindi. Kugira ngo umuntu avyirinde ategerezwa kwinegesera akongera akagira ishaka ryo kubaho.

- Uwo mwigeme n’uwo muhungu bari gushobora kwirinda kunywa. Umubiri ntiwari kubashuhana ngo vyanke ko bigumya. Bishitse naho, bari kuba bagize ubwenge bwo kucirinda.
- **Mu kiringo mutaripimisha ngo murabe ko mudafise umugera wa Sida, ntimushobora kwemera canke kwemeza ko mutanyegewe n’uwo mugera.** Ni co kimwe n’uwo muhuza ibitsina. Tiyeri ntiyashobora kwiyumvira ko Diyana yari afise umugera wa Sida mu mubiri: umukobwa asa n’irirenga, atekereje, afise amagara meza, atigeze aja mu bitaro na rimwe!!

Inkuru ya Diyana inyibutsa ko mu migenzo kama yacu, kuba isugi vyari bifise agaciro... Mu gutwikurura, hari ikimenyetso kidasanzwe: igihe umuhungu yaba yasanze umukobwa ari isugi barungikira umuryango w’umwigeme inkoko irimwo umukenke udaciye na hamwe. Umwigeme atakiri isugi naho, barungika umukenke uciye hose. Muri ico gihe, vyashobora gukwegera umugore inkurikizi zihambaye: guta agaciro, umugabo akamufata nabi canke akamwirukana,... Ingorane ni uko kuba isugi ku muhungu ata gaciro na gato babiha, kandi binagoye no gusuzuma.

- Hanahana ivyiyumviro ku nkurikizi 2 nkuru nkuru ku bahuje ibitsina mu buryo bwiganywe muri iyo nkuru.

Mu gusozera iyi nyigisho, umwigisha ategerezwa kandi gutuma abigishwa babona ko mu Burundi abakenyezi n’abigeme bakubagurwa bakiri bato. Ategerezwa kumenyesha abigishwa ko hagize uwufatwa ku nguvu aho baherereye bategerezwa kumuhanura kwihutira kuja kw’ivuriro canke ku bitaro amasaha 72 atararenga kugira ngo akingirwe Sida n’imbanyi adashaka. Bategerezwa kandi gufasha uwo bishikiye kwitwarira uwamushurashuje.

Gusozera

- Ntihagire akaryo kakujana, cane cane igihe urongoye urwaruka, kugira ngo urwiganire ivya Sida n'inkurikizi mbi zo guhuza ibitsina utabanje kwiyumvira.
- Bahimirize kurwanya ivyiyumviro n'ibihuha bitagira ishingiro bikwiragizwa hose hanyuma mubibeshuze.
- Guhuza ibitsina n'umuntu muhuye gurtyo, naho yoba ari umugenzi wawe vyama bigira inkurikizi mbi. Sida ntiyanditswe mu ruhanga.
- Bahimirize kuja kw'ivuriro canke ku bitaro gupimisha ko bafise canke badafise umugera wa Sida. Mu gihe bosanga bawufise, bazonka impanuro kugira ngo bakingire ubuzima bwabo kandi bakingire n'abandi.
- Ntimukumire canke ngo muhe umugongo umugenzi wanyu agendana umugera wa Sida. Mushigikire kandi mumufashe kurengera ibibazo imutera, mumufashe igihe agwaye. Ugufatana mu nda n'abandi ni umuco mwiza utegerezwa kuranga intumwa z'amahoro.
- Imbanyi iri n'inkurikizi mbi ku buzima bw'umwigeme akiri muto. Irashobora kumukwegera urupfu, cane cane iyo agerageje kuyikorora.
- Gutwara inda ukiri muto, na cane cane ukiri umunyeshuri, birica kazoza. Kenshi, umwigeme aca aheba amashuri. Ikindi naco uruyoya rutwara vyinshi: umwanya n'amafaranga. N'abavyeyi bubatse bategerezwa kwitegurira rwose kurwakira.
- Guhuza ibitsina hakiri kare biri n'inkurikizi mbi. Bironona agaciro k'umwigeme n'umuhungu nyene, bituma abonwa nabi. Kwereka akabanga kawe uwo muhuye wese biragutesha agaciro, bigatuma bakuvugako amajambo atabereye kwumva na cane cane iyo ari wewe yerekeye : ishirasoni, imaraya n'ayandi.

GUSOZERA INYIGISHO

Kugira ngo ube intumwa y'amahoro, ni ukubaho no gufasha abandi kubaho mu mahoro no mu mwumvikano :

- Ni wigenze nk'umuntu azi ico akora, wisonere, usonere abandi n'ibigukikije.

- Niwitwararike amatati yaduka aho uherereye. Fasha abandi kuyatunganya. Utabishoboye, saba uwundi muntu w'umwizigirwa akwunganire mu vyo uriko uragira muri iyo ntumbero.
- Ntube sindabibazwa ubonye aho uherereye abantu bariko bararenganywa canke bariko barakumirwa. Gira ingoga zo guhanura uwabikoze no kuremesha uwabikorewe.
- Ntube satuntutwanje, ntusabe abandi ivyo nawe utabagirira. Urafise amateka mugabo kandi urafise n'ivyo utegerezwa kurangura.
- Ntiwitwaze ukwidegemvya kwawe, agateka kawe ko kuvuga ikiri ku mutima, canke kuba uri intumwa y'amahoro ngo utume haba umudugararo canke amatati aho uherereye.
- Ntufate nk'ibijuju abatiyumvira nka we. Sonera abo mudasangiye umugambwe n'abo mudasangiye idini. Ni uburenganzira bwabo bwo kuja aho bashaka.
- Ni ube intungane mu vyo uvuga canke ukora vyose, wame wibuka imisi yose ko akarenganyo kavyura urwanko kandi kagasaki indava amatati.
- Sonera ibintu n'ibibanza bisangiye n'abandi, ntuyyonone kandi ntuyigarurire ngo ubikoreshe ivyawe.
- Ni wame witeguriye gufasha ababikeneye utarindiriye impembo ya buno nyene. Abo uzoba warafashije ntibazovyibagira!
- Abagenzi bawe, abavyeyi bawe, ababanyi bawe bazokwizera ni waba uri imvugakuri kandi udahemana : ni imico ngenderwako ku ntumwa y'amahoro.
- Kurikiza amategeko n'amabwirizwa. Wivye, abantu ntibazokwizera, uzotuma haba amatati. Uzoba umuntu ataco amaze umenyereye kwiba. Ntuzoshobora kuba imboneza y'abandi mu guteza imbere no mu guhagararira amahoro udakurikiza amabwirizwa.
- Ni wirinde ivyo guhuza ibitsina. Biri n'inkurikizi mbi iyo utarashinga urwawe : uragaba Sida, imbanyi, gutakaza agateka ku bavyeyi bawe, ku bagenzi bawe, ku wo muzokwubakana. Bimenyeshe urwaruka ukurikirana.
- Ni witwararike ibigukikije, ntuyyonone. Ni ikigega c'imfungurwa zawe, z'abana bawe n'abuzukuru bawe.

Intumwa y'amahoro itegerezwa kubera abandi akarorero.

IBITABU VYAKORESHEJWE MU GUTEGURA IZI NYIGISHO

- ARSTEIN H.: „*Que dire à votre enfant ?*“, Paris, Edition R. Lafont, 1982
- B.E.N.C.: „*Eduquer, mais comment? Pour une éducation intégrale de l'homme* »,
Bulletins des Ecoles sous convention, N° 5, 2004
- CARITAS INTERNATIONAL : « *Edification de la paix : Un manuel de formation Caritas* », Vatican, Caritas Internationalis, 2002
- CAVA R. : « *Savoir traiter avec des gens impossibles* », Québec, Editions Quebecor, 1990
- ECOLE AUTONOME BELGE : « *Guide Méthodologique d'Enseignement du Droit International Humanitaire* », Bujumbura, Décembre 2006
- GUTH P. : « *Lettres à votre fils qui en a ras le bol* », Paris, Flammarion, 1976
- IDEA : « *La réconciliation après un conflit violent* », Stockholm, 2003
- JORET P. : « *Branchés sur la vie* », Montpellier, 202
- MANIRAKIZA Z., NKURUNZIZA D. : « *Séminaire diocésain sur la lutte contre le Sida* », in Vivons en Eglise, Septembre-Décembre 1999, N° 9-10
- MINISTERE DE L'EDUCATION NATIONALE, F.U.P.D. : « *Projet Education à la citoyenneté* », Bujumbura, Décembre 2004
- NDAYISABA J. : « *Programme d'Education aux valeurs humaines* », Manuel commandé par le B.N.E.C., Bujumbura, Mai 2005
- NGAYIMPENDA E. : « *Evaluation de la Politique sectorielle de rapatriement, de réinsertion et de réhabilitation des sinistrés au Burundi* », Etude commandée par l'OAG, Bujumbura, Mai 2005
- NGWEMA A.A. : « *Principe de la morale et Psychologie, de 7 à 21 ans* », Yaoundé, Editions CESAM-CRERA

REPUBLIQUE DU BURUNDI : « *Programme national pour une culture de la paix au Burundi 2003-2007* », Bujumbura, Février 2003

UNESCO : « *Un Bon Départ : Protection et Education de la Petite Enfance* »,
Rapport mondial EPT, 2007

Déclaration Universelle des Droits de l'Homme

Constitution de la République du Burundi

Loi n° 1/18 du 4 mai 2006 portant missions, composition, organisation et fonctionnement de la Commission Nationale Terre et Autres Biens

Convention Relative aux Droits de l'Enfant, adoptée par l'Assemblée Générale des Nations Unies le 20 novembre 1989

Convention Relative à la Lutte contre Toute Forme de Discrimination envers la Femme

IMPAPURO ZIHEREKEZA INYIGISHO

Impfunyapfunyo y'Amateka ari mw'Itangazo Mpuzamakungu ryerekeye agateka ka zina muntu

A. Amateka ngenderwako

Uburenganzira bwo kubaho : ubuzima ni katihabwa. Birabujijwe kwica mugenzawe canke kumusinzikariza ubuzima... N'umusuma afashwe mpiri, nta muntu afise uburenganzira bwo kumwica...

Uburenganzira bwo kwishira no kwizana : uburenganzira bwo gutora uwo mwubakana, idini, ikibanza co kubamwo,... Umurundi arafise uburenganzira bwo kuba mw'ikomine iyo ari yo yose canke ku musozi uwo ari wo wose mu gihugu c'amavukiro.

Uburenganzira bwo kungana imbere y'amategeko : abantu bose barangana imbere y'amategeko kandi bategerezwa kwubahirizwa kimwe. Nta n'umwe arekuriwe gukumirwa. Igihe ukwije ibisabwa kugira ushingwe umurimo munaka, ntawushobora kubikubaza kubera ubwoko bwawe, idini ryawe, akarere k'amamuko yawe,...

Uburenganzira bwo kugira umutekano : umuntu wese arafise uburenganzira bwo kubaho mu mahoro, bwo kwishira no kwizana mu bintu vyawe ata bwoba ko babimutwara. Nta n'umwe arekuriwe kukuremera canke kukurementaniriza kugira ngo agutume umuhebera ivyawe.

Uburenganzira bwo gukingirwa n'amategeko : amategeko ategerezwa gukingira canke guhana abavukagihugu bose ata n'umwe akumiriwe, abakuru n'abato.

B. Imiziro : Nta muntu n'umwe ategerezwa kuba umuja n'umushumba :

Nta muntu n'umwe arekuriwe gukoresha uwundi ku nguvu. Igikorwa cose kijana n'impembo. **Tegere neza :** Impembo si amafaranga gusa. Nk'akarorero umuntu arashobora gukorera imfungurwa.

Gusinzikarizwa ubuzima no gufatwa nk'innyamaswa : Nta n'umwe arekuriwe kugira ico yitwaza ico ari co cose ngo agufate nabi, agusinzikarize ubuzima. Umupolisi ahagaritse umuntu yikeka ko yivye nta burenganzira afise bwo kumukubita ngo abimwemeze. Umuntu avyemeye hejuru y'inkoni, ivyo yemeye ntaco bimaze mu vy'ubutungane. Ni ukuvuga ko muri sentare umucamanza atabijako.

Gupfungwa ata vyemezo biriho : nta muntu n'umwe afise uburenganzira bwo kuguhagarika ngo agupfungire ubusa. N'aho hoba hari imvo, nyene kuguhagarika ategerezwa kuba abirekuriwe n'amategeko. Abakozi ba leta barekuriwe gupfunga abandi bategerezwa gukurikiza amategeko, bagakoresha umutahe (urwandiko rwo kuguhagarika, urwandiko rw'ukugushikana mu butungane)

C. Amateka y'umukozi.

Umukozi arafise uburenganzira bwo :

Kuronka akazi : Umuntu wese abishoboye arafise uburenganzira bwo gukora no gukoresha uko ashaka ivyavuye mu mirimo yiwe. Ubwo burenganzira ni bumwe mu bugoye gukurikiza. Ibihugu vyinshi vyoro nk'Uburundi ntibifise ubushobozi bwo guha akazi abo bese batagafise. Ariko ibihugu bitegerezwa kugira akigoro muri iyo ntumbero.

Kuronka umushahara ukwiye kuri bese : Umuntu akoresha uwundi ategerezwa kumuha umushahara ukwiye kandi uberanye n'ico yakoze, bifatiye ku vyo ashobora. Ibibazo bijanye n'imishahara mu gihugu cacu bitorerwa inyishu hisunzwe Amategeko agenga abakozi ba Leta ku bakorera Leta n'Amategeko y'akazi ku bikorera utwabo.

Kugira abamuserukira mw'ishirahamwe ry'abakozi : Ukuja hamwe kw'abakozi mw'ishirahamwe ryabo ni uburenganzira bwemewe n'Itangazo ry'isi yose ryerekeye uburenganzira bw'umuntu. Amaleta ntafise uburenganzira bwo kubuza ko amashirahamwe y'abakozi avuka, canke kuyabuza kugira inama.

Kuronka uturuhuko ahemberwa : kubuza umukozi kuronka akaruhuko ntibirekuwe n'amategeko. Mu Burundi, imisi itegerezwa y'akaruhuko iratomoye mu Mategeko agenga abakozi abari bo bese hamwe no mu Mategeko y'akazi.

D. Amateka bese bahurirako.

Umuntu wese arafise uburenganzira bwo :

Gufungura : Umuntu wese ashonje ategerezwa gufashwa n'abandi, Amaleta n'Amashirahamwe Mpuzamakungu.

Kwambara : Kwambara bidukingira impanuka zivuye kw'ihindagurika ry'ibihe, yamara kandi bikadutuma tutagenda amenya.

Kugira uburaro : Kuronka inzu ni kimwe mu bijanye no gusonera agateka n'akabanga k'umuntu wese.

Kwivuzwa : n'abatishoboye barafise uburenganzira bwo kuvuzwa, umuntu atiriwe araraba uwuriha amafaranga aba akenewe.

Kuja mw'ishuri : Ingingo ya 28 y'Amategeko yerekeye Amateka y'abana Uburundi bwemeje mu 1989, iratomora ko Amaleta ategerezwa gutuma inyigisho mu mashuri y'intango riba itegeko kandi zigatangwa ku buntu. Ingingo yo gutuma inyigisho mu mashuri y'intango zitangwa ku buntu yafashwe n'Umukuru w'igihugu ku wa 1 Rusama 2006.

E. Amateka y'umuvukagihugu.

Mu gihugu ico ari co cose, umuvukagihugu wese arafise uburenganzira bwo :

Kugira ubuzima yisangije : Abakorera Leta ntibafise uburenganzira bwo kukugenzura hose, kukwumviriza kw'iterefone, kukwugururira amakete, kiretse mu gihe amategeko abirekura. Akarorero: kurondera abicanyi.

Kugira agateka : Nta n'umwe arekuriwe gurtyoza agateka kawe mu kugutuma ugira ingendo zitakwubahiriza, zituma uta agateka biciye mu majambo canke mu nzandiko z'ibinyoma. Hagize uwubigira, urafise uburenganzira bwo kumwitwarira muri sentare.

Kwidegemvya ata nkomanzi : Nta n'umwe afise uburenganzira bwo kukubaza kuja aho ushaka. Ariko birumvikana ko Amaleta afise ububasha bwo kugabanya kwishira no kwizana kw'abavukagihugu igihe umutekano wahungabanye.

Kuba aho ushatse : Raba ivyanditswe hejuru

Kurengana imbibe z'igihugu : Raba ivyavuzwe ku kwidegemvya ata nkomanzi

F. Amateka mu vya poritike :

Ugushaka kw'abanyagihugu n'uburenganzira bwo gutora : Abanyagihugu, n'Abarundi barimwo, barafise uburenganzira bwo guserura ico bashaka no gutora uko bashaka biciye mu matora (amatora y'abatwara, amatora ahamagarirwa abanyagihugu,...)

Kuronka akazi muri Leta : Nta citwazo na kimwe cotuma umuvukagihugu uwo ari we wese akumirwa mu buzi bwa Leta. Iyo ngorane iriho mu Burundi. Igihe intwari zihindutse, abatwara bashasha bakunda kurondera kugira nkunzi mu gutanga

ibibanza, mbere no mu bibanza vy'abakozi batobato. Hariho amateka, amategeko n'amasezerano y'akazi akingira abakozi.

Kwitura sentare : uburenganzira bwo kwitura sentare iyo warenganjwe. Mu bihugu bimwe bimwe nk'Uburundi, ukugendera ubwo burenganzira kurashobora kubangamirwa n'ubukene canke ukurya ibiturire.

Uburenganzira bwo gushinga amashirahamwe : Abarundi, nk'abandi bavukagihu bo kw'isi, barafise uburenganzira bwo gushinga amashirahamwe, amakoperative, amashirahamwe y'abakozi,... Intwano ntifise uburenganzira bwo kubibabuza, kiretse iyo ari amashirahamwe y'abicanyi.

G. Amateka yo mu muryango :

Ugushinga urugo : Gushinga urugo ni uburenganzira ntabanduka bw'umuntu wese. Nta n'umwe ataburekuriwe. Vyongeye, umuntu wese arafise uburenganzira bwo kubakana n'umugabo canke umukenyezi yitoreye. Nta n'umwe afise uburenganzira bwo kumutorera mu kibanza ciwe.

Ukungana kw'ibitsina : Abagabo n'abagore barangana mu mateka n'imbere y'amategeko. Nta n'umwe arekuriwe gukumirwa ngo ni uko ari umukenyezi canke umugabo.

Ugukingirwa na Leta : Leta itegerezwa gukingira abavukagihugu ntibatwarwe n'akarenganyo, impanuka, amakuba n'ibindi. Ivyo ni vyo igipolisi, abakozi bo mu bucamanza n'abo mu ntwaro bategerezwa kwitwararika.

Ukuvyara : Ukurondoka ni iteka ntangere. Bitayeko, mu bijanye n'imbanyi, umukenyezi yibungenze ategerezwa kwitabwaho n'umugabo wiwe hamwe n'abakora mu vy'ubuvuzi: gufungura, gucandagwa, ukwibarukira ahameze neza n'ibindi.

Ugukingira umwana : Umwana ategerezwa gukingirwa indwara kubera amagara make yiwe (gucandagwa) no kurerwa hakurikijwe imico myiza runtu. Ategerezwa kandi gushirwa mw'ishuri.

H. Amateka y'umuntu :

Uburenganzira bwo kugira ivyiyumviro : Urafise uburenganzira bwo kugira ivyiyumviro vyawe. Ntutegerezwa kugira ivyiyumviro bimwe n'umukoresha wawe. Yamara igihe udahuje ivyiyumviro n'uwo muriko muravugana, ntivyoba inkomoko y'amatati canke inyanduruko yo kutumvikana.

Uburenganzira bwo gutora idini : Urafise uburenganzira bwo gutora idini ushaka. Ntunegure abo mudasangiye idini.

Umwidegemvyo mu guserura ivyiyumviro : Urafise uburenganzira bwo guserura ivyiyumviro vyawe ariko utegerezwa gusonera ivyo abandi. Nta kubatuka canke ngo uvuge ibinyoma. Ubigize, uzotuma haba amatati.

Uburenganzira bwo kugira amatungo : Urafise uburenganzira bwo kugira amatungo yawe : itongo, inzu n'ibindi. Amategeko arakingira itongo ry'umuntu. Leta ifashe ingingo yo kugukura mw'itongo, itegerezwa kuguha umuzibukiro mukwiranye. Mu Burundi, Amategeko agenga amatungo aravuga ingene Leta ishobora gusohora umuntu mw'itongo.

Kwera imbere yuko icaha kikwagira : Mu gihe umucamanza ataravuga ko icaha kikwagiriye afatiye ku vyemezo nyavyo, witwa ko wera.